

# Katryèm So A

63-0321

Branham Tabènak, Jeffersonville, Indiana, Etazini

1 Bonswa. N ap koube tèt nou kounye a jis on moman, pou lapriyè.

2 Bon Papa nou ki nan Syèl la, n ap apwoche W ankò aswè a, kounye a, lan Non Seyè Jezi, pou ba W remèsiman pou yon lòt jou. E n ap mande benediksyon W kounye a sou sèvis la aswè a. Pèmèt ke Sentespri a vini pou ba nou entèpretasyon bagay sa yo ke n ap chache avèk dilijans. O Bondye, ke sa kapab tèlman presye pou nou tout ap fratènize otou Pawòl la nan yon tèl fason, ke, lè nou va kite, nou va kapab di, “Èske kè nou patap brile anndan nou pandan Li t ap pale avè nou sou tout chemen an?” Nou remèsye W pou sa L te ye pou nou, epi nou gen konfyans ke Li va rete avèk nou pandan n ap kontinye vwayaj la, paske nou mande sa lan Non Jezi. Amèn.

3 M tèlman kontan tounen nan kay Seyè a, aswè a, nan sèvis la ankò! E se yon jwa pou nou. M tèlman kontan ke...

4 M te jis panse ke Sila a patap vini, men Li te rive finalman. Kifè mwen si tèlman gen rekonesans, ke pandan nou lan dènye kat kavalye sa yo, ke m panse se youn nan Mesaj prensipal pou Legliz nan moman sa.

5 Mwen pa konn kisa Lòt la ye. M jis ap pran l jou apre jou, jis jan Li revele L la. M ap eseye bay--bay Li, pa...jan L ban mwen L lan.

6 Èske w ap rejwi w pou--pou benediksyon an? /Kongregasyon an di , “Amèn.--Editè a”/ Èske w te remake kijan Sa te jis, koresponn ak aj legliz yo, jis fason Sa te jis tonbe egzakteman byen jis pafètman avèk yo? Se konsa sa...Pou mwen, sa montre ke se--se Sentespri a ki te bay aj legliz yo, menm Sentespri a la ki ap bay Sa, ou wè, paske yo antre youn lan lòt ansanm; tout se on sèl gwo aksyon Bondye, ki ap montre Tèt Li de diferant fason.

7 Ou remake, kan Li te montre L Limenm bay Danyèl, nan vizyon yo, te gen reprezantasyon yon sèl bagay, tankou on--on bouk nan plas sa, ou petèt on pyebwa; e pwochen plas la se te yon estati. Epi--epi--epi bagay Li te fè, Li t ap fè sa, menm bagay la tout tan, jis asire w ke nou pa rate l.

8 Bon, se sèten mwen te eksite sa fè jis on ti moman, m t ap pale ak on ti dam ki chita la, apeprè katreven senk an. E li...

9 Pa gen twò lontan, jis anvan m te kite pou m al nan Iwès, eben, te gen on--on tifi anwo a nan Ohio, mwen kwè, ki te, ki t ap mouri nan dènye etap lesemi. Bon, lesemi se kansè nan sikilasyon san. Epi, o, ti bagay la te, nan yon tèl kondisyon tèrib, ou konnen, ke pat gen okenn espwa ditou pou li. Yo te konn sèvi ak venn li pou ba l manje, se te operasyon an. Kifè yo te vrèman on fanmi pòv. E yo...

10 Madam Kidd, la, ak Frè Kidd, te temwaye yo konsènan Seyè a ki reponn priyè anpil. E yo te rasanble ansanm, mwen kwè, epi yo te angaje yon moun, e yo te mennen tifi a desann. E li te on trè bèl tifi, apeprè, o, sis, setan konsa. /On sè di, "Nevan."--Editè a/ Nevan. E--e li te retounen la nan pyès la. Epi an...

11 E lè nou te al devan Seyè a, Sentespri a te bay on pawòl pou li. E yo te oblige pran l, oblige pran l pou ba l manje fason sa, ou konnen. Kan l ta prale, li t ap kriye pou yo ba l yon anmbègè, e, konsa, li te kapab manje pa bouch li. Yo te ba l anmbègè a, e l te jis ap manje natirèlman.

12 Nan yon ti tan, kèk jou konsa, yo te retounen kay doktè avè l. E yo...Doktè te jis senpleman patka konprann. Li te di, "Se tankou se pat, se pat menm tifi a." Li te di, "Ebyen, pa--pa menm gen yon tras lesemi nan sa, okenn kote, okenn kote ditou." Kifè, li t ap mouri. Yo te abandone l tout bon; te jis konn sèvi ak venn li pou ba l manje. Li te vin tou jòn. Ou konnen jan sa konn fet. Kifè yo...E kounye a li al lekòl, ap jwe avèk lòt timoun, jis plis kontan posib.

13 Sa raple m on lòt ka konsa. Yon jou, m jis te rive lakay, te gen on...Si m byen sonje, te gen swa moun Episkopal yo ou byen moun Prezbiteryen yo, ki te mennen on tifi, ki te sot Kansas. E doktè yo te abandone l, ak lesemi. E yo te ba li, mwen kwè, kat jou pou viv; li te tèlman mal. Kifè yo te di ke yo te pase kat jou sa yo ap vin isit la, anba wout glise ak nèj ak lòt bagay, ap travèse peyi a, pou m te ka priye pou li. E gran papa l, yon granmoun ak yon bèl figi, te gen cheve blan.

14 E sa te fè, de jou déjà, depi yo te rive avè l nan yon ti motèl. Mwen--mwen kwè li pa egziste ankò, sou bò kote sa a de Rivyè koulè Ajan an/Silver Creek. Kifè m te desann jou swa sa pou priye pou li. Se te bonè nan maten. M te antre lan nwit sa, soti lavil, e m te desann. E papa aje a...gran papa a t ap fè lè san pa. E manman an, t ap eseye pran swen timoun lan.

15 E pandan m te ajenou pou priye, Sentespri a te revele m on sekrè ki te egziste ant manman an--an e papa a, konsènan on bagay yo te fè. M te rele yo apa pou kesyone yo konsènan sa. Yo te kòmanse ap kriye, e yo te di, "Se vre."

16 Apre sa m te gade dèyè, e m te wè tifi a ki t ap sote kòd, ki ta prale, ap jwe. Kounye a timoun lan...Nan apeprè twa semèn konsa, yo te voye foto tifi a ban mwen, retounen lekòl, ap sote kòd, e li pa gen lesemi, ditou.

17 Bon, kounye a, temwayaj sa yo se absoliman laverite de bòn fwa, ou wè. Kifè, Bondye nou an tèlman reyèl, ou wè. Nou jis ap sèvi L epi--epi kwè L. E--e mwen--mwen konnen Li reyèl.

18 Bon, m ap eseye fè sa k mye kounye a, pandan gen on bagay, anndan, nan mitan nou, k ap travay fè kous li. E kounye a nou pral eseye, ak gras Bondye, aswè a, pran Katryèm So sa a, epi wè sa ke Sentespri a va gen pou di nou, sou Sa.

19 Bon m pral li nan--nan Apokalips, chapit 6, ap kòmanse ak vèsè 7 la; 7 e 8. Se toujou de vèsè; premye a se anons lan, e dezyèm vèsè a se sa I te wè a.

*E kan li te louvri katryèm so a, m te tande vwa katryèm --katryèm èt vivan ki te di, Vin wè.*

*E m te gade, e men ni on cheval pal; e non sila ki te chita sou li a (ki te chita) se te Lanmò, e Lanfè t ap swiv...li. E yo te gen pouvwa sou kat kwen tè a, pou touye ak epe, ak grangou, ak lanmò, e ak...bèt sovaj sou tè a.*

20 Bon, ke Seyè ede nou kounye a konprann Sa. Se yon mistè.

21 Bon, jis on ti apèsi, pou nou apiye nou, menm jan nou te fè I pou aj legliz yo, kavalye sa yo epi ouvèti So sa yo. Bon, kounye a nou genyen I fre nan panse nou, n ap jis fè on ti kòmantè jiskaske nou santi ke se tan awopriye pou pale.

22 Bon, nou te remake kounye a, ke, ouvèti So yo, se Liv Redanmsyon an sele. E apre sa Liv la te woule tankou woulo, jis tankou ansyèn fason an te ye a.

23 [Frè Branham fè demonstrasyon woulo yo ak so sou on woulo, li itilize fèy papye--Editè a.] Se pat on liv tankou tip sa; paske fòm sa te vini jis tou lòt jou la, jan de liv sa yo, te vini, nan dènye, o, mwen kwè san senkant an, oswa desan on bagay konsa. E alò yo te konn woule I, apre sa yo te konn kite bout fen an degaje. Jan m te di sa te konn fèt la, e kote pou w jwnn li nan Lèzekriti, nan Jeremi, elatriye. Apre sa pwochen an te konn woule toutotou I, answit bout fen an yo te kite I degaje, e li te sanble ak sa.

24 E yo chak se te on So. E se te on Liv sele sèt fwa, e se te on...Pa on... Kan yo te...Se te Liv Redanmsyon ki sele sèt fwa a. Ekskize m.

25 E, apre sa, pèsonn nan Syèl la oswa sou tè a, oswa anba tè a, pat diy pou louvri L ou menm pou gade L. E Jan te kriye, paske li patka jwenn pèsonn...Paske, si yo pat pran Liv sa

nan men Pwopriyetè orijinal la...Ki bò, Adan ak Èv te pèdi L, e Li te retounen, apre yo te abandone dwa yo sou Pawòl la, pwomès yo, eritaj pa yo.

26 Sonje, yo, yo te gen kontwòl sou tè a. Li te on--li te on ti dye amatè, paske li te on pitit Bondye. E on pitit Bondye se on--on--on ti dye amatè. Bon, sa pa kontré avèk Lèzekriti. M konnen sa sonnen etranj.

27 Men Jezi te di, "Si nou rele, sila yo ke Pawòl Bondye a al jwenn lan..." E kimoun Pawòl Bondye a al jwenn? /Kongregasyon an reponn, "Pwofèt."--Editè a/ Pwofèt yo. "Si nou rele, sila yo ke Pawòl Bondye a al jwenn lan, 'ti dye,' kouman nou ka kondane M lè M di ke Mwe se Fis de Dye?" Ou wè?

E, kounye a, yo te ti dye.

28 E moun yo, si nou pran nesans nan fanmi an ak non fanmi pa w, ou se on pitit, e ou se on pati papa w.

29 E alò--alò lè peche a te antre, nou te jwenn ke lòm te travèse lòtbò presipis la. E--e san towo ak bouk yo, te kouvri, men sa pat efase. Jiskaske, vrè Klowòks la te vini, sa te kapab pran tach peche a pou dezentegre I konplètman an myèt, pou retounen I bay sila ki te pèvèti I pou kòmanse a, ki te Satan.

30 Kan I te tounen al jwenn Satan, li te ret tann tan pa I pou resevwa dezentegrasyon Etènèl li. Bon, sa montre kisa nou kwè. Nou kwè ke li va absoliman disparèt konplètman epi desentegre.

31 Mwen kwè ke peche sa va dekonpoze. E kan sa konfese, sou baz San Jezikri, se tankou lage on gout lank nwa nan yon detachant Klowòks. Sa jis dekonpoze fòmil chimik li epi retounen I drèt kote I te soti a. Ou wè? E se fason sa San Jezikri a aji.

32 Apre sa, sa te replase yon nonm lòt kote presipis la ankò, antan ke pitit Bondye. Ou wè? E alò li--li te vin on--on...Ebyen, menm si li...Pwisans Bondye pou kreye a nan li. E, konsa o mwen, nenpòt lè a Bondye ka kòmande pou sa fèt, e sa va fèt. Epi nou te retounen. Sa se lè-lè...

33 Moyiz, te anba san towo yo; lè I te rankontre Limyè sa, kolòn de Fe a nan bwison adan sa. Li te kanpe, anba la, sou on komisyon Bondye te ba li. E li te on pwofèt. E kan Pawòl Seyè a te vin jwenn li, li te pale, e li te menm kreye dè bagay pa Pawòl la. Ou wè?

34 Bon, si sa te fèt anba sa, san towo yo, kisa sa va fè ak San Jezi? Sa pat jis kouvri I; men te efase I, tout ansanm. E ou retwouve w nan Prezans Bondye, antan ke pitit rachte. Kounye

a, ou wè, Legliz trè lwen dèyè estanda fason pou w viv. E m panse, twòp fwa, nou ap tatonnen olye pou n soti vrèman epi fè fas a sitiyasyon an.

M gen on bagay mwen vle di, e m--m va fè I nan bon tan.

35 E kounye a remake ke gen on bagay ki fo kèkpa nan legliz yo. E m panse se sistèm denominasyon yo ki tòde panse moun yo, elatriye, jiskaske yo pa konn kouman pou yo fè sa. Se vre.

36 Men yo te pwomèt nou ke Sa t ap revele. E kounye a gen Sèt So ki sele Liv sa. E Sèt So sa yo kounye a...

37 E apre Sèt So sa yo te fin konplete, nou jwenn, nan Apokalips 10, te gen sèt Tonè misterye ke yo te komisyone Jan pou l ekri, men apre sa se te entèdi pou ekri yo. E nan moman Tonè sa yo, nou jwenn Kris, oswa, "Anj avèk Akansyèl la te desann, pou mete pye L sou tè ak sou lanmè, e Li te jire ke tan te fin, nan moman sa."

38 E apre nou dekovri--nou dekovri, ke pandan revelasyon So yo, Ayo a--a te kite travay medyasyon kòm entèsesè a, e Li te avanse kounye a pou reklame dwa Li, tout sa Li te rachte pa lanmò Li.

39 Epi, apre sa, pèsonn patka louvri Liv la. Pèsonn pat konprann Li. Se te on Liv Redanmsyon. E Bondye Papa a, Espri a, te genyen L nan men L, poutèt Kris te sou Twòn lan kòm Medyatè, on sèl Medyatè a. Kidonk, patka gen okenn sen, okenn Mari, okenn Jozèf, okenn anyen lòt, sou otèl sa, paske se te San. E se te sèlman San Jezi ki te ka fè ekspantasyon an, kifè pa gen anyen lòt ki te ka pran pozisyon antan ke Medyatè. Se vre. Pat gen okenn lòt.

40 Konsa tout ide entèsede ak Jid pou zafè politik, epi avèk Sent Sesil pou on lòt bagay, tou sa pa fè sans. Se pa...Mwen--mwen pa di ke moun yo pa onèt e sensè. Mwen pa di ou pa sensè nan fason w ap fè sa, si w te fè I. Men, ou gen tò, ou--ou sensèman nan erè. Epi tout lòt bagay...

41 Yo di, "Ebyen, Anj sa a--a, sa--sa te parèt pou Sen Bonifas e l te di sesi, sela ak se lòtbò. Epi yo ta dwe di sesi." Mwen pa doute sa on tikras, nan lespri m, men se sa yon moun wè nan vizyon. Mwen--mwen pa doute men sa Joseph Smith te wè nan vizyon an, li pat konkòde ak rès Pawòl la. Kidonk, pou mwen, se fo. Ou wè? Sa dwe ale avèk rès Pawòl la.

42 Se fason sa avèk aj legliz yo, ak So yo, ak tout rès Bagay la. E kan yon moun panse ke li posede Sèt Tonè sa yo, si l pa kadre avèk rès Pawòl la, gen yon bagay ki fo. Ou wè? Li dwe abouti a, ENSI DI LE SEYÈ, paske Sa a se Liv la. Sa a se Revelasyon Jezikri a, Okonplè.

Bon, mwen-mwen kwè ke sètalò Ayo a te avanse.

43 Yo pat konnen. Jan te kriye dlo nan jye. Li patka jwenn pèsonn. nan Syèl la, sou tè a, paske yo tout te lòtbò presipis la, ou wè, peche. Pat gen pèsonn...E yon Anj, natirèlman, Li te ka diy, men, apre tou, sa te dwe yon èt imen. E sa pat egziste, paske tout òm nèt te fèt pa sèks.

44 Li te egzije Youn ki te ne san se pat sa. Kifè Bondye Limenm te pran chay sa, ak nesans vijinal la, pou L te vin Emanyèl. Ebyen, San Li te, San Sila ki te diy lan. Alò lè Li te travèse presipis sa, Limenm, e ke L te peye pri a pou fè wout ak yon pon pou nou menm rès la, alò Li te chita, kòm Medyatè. E Li te chita la.

45 E an reyalite Liv la te fèmen, pandan tout tan sa. Li la, men Li ankò sou fòm senbòl. Yo te wè L. Jan te menm wè L. Lè anons lan, kan premye a te avanse a, li te di, "Yon cheval blan te soti; li te gen on kavalye sou li; avèk yon ak nan men I." Se yon senbòl. Sa pat revele. Non. Se jis yon senbòl. E, konsènan moun sou tè a, tout kote nèt, se tout sa l te ka di. Se laverite. Li te ka ap trakase l epi fè tantativ, pa gen dout, ke li te frape kèk kote bò isit oswa la, epi kalme l apre on tan.

46 Men nou te dekoutri, apre sa, nan Liv Apokalips la, "Nan moman Mesaj setyèm anj lan, mistè yo (tout mistè L yo) te dwe déjà revele nan moman sa." Bon, se Apokalips 10: 1-7, Sa dwe revele pou tan sa, nan moman sa Kan Li va fè l.

47 Alò Sèt Tonè yo te gwonde vwa etranj yo a, e Jan te sou pwen ekri. Men, Jan te konnen kisa Sa te ye, men, li--li pat ekri L paske yo te defann li ekri L. Se absoliman, e tout ansanm, yon mistè. Li pa menm sou fòm senbòl ou anyen. Nou jis konnen ke Li...Sa te gwonde, se tou.

48 Epi bon pandan n ap etidye sa kounye a, pa bliye, kounye a, Dimanch, ou Dimanch maten, nou pat fè sèvis gerizon an poutèt nou te vle bay repons a--a kesyon moun yo. Kounye a, m vle w gen on sèvis kesyon sou Sèt So sa yo, si sa twouble w, yon bagay ou pa konprann. Annou fè l sou Sèt So yo. Apre m va di w, bò Samdi swa konsa, si gen ase pou--pou reponn, ou pa, ou wè. Epitou se jis kounye a, nou jis di sa, ebyen, konsènan yon lòt bagay, oswa, "Èske m dwe fè sa?" Oswa--oswa, petèt te gen on rèv. Bagay sa yo, yo tout se dè bagay ki vo lapèn, bon, sonje sa. Se dè bagay ki vo lapèn. Men ann rete jis avèk Sèt So yo. Se sou sa nou ye kounye a la. Ann...Se pou sa nou te aranje reyinyon an, se pou Sèt So yo. Annou rete drèt avèk Sa.

49 M oblige al lakay, m dwe gen kèk reyinyon a leksteryè nan Iwès. Apre sa m ap tounen, nan on titan apeprè on mwa ou de, oswa on bagay konsa, e petèt Seyè a va pèmèt nou gen on lòt

bagay sou sa, petèt on sèvis gerizon ou on bagay nan moman sa, oswa pe enpòt nou...kèlkeswa sa l ye a.

50 Apre sa nou gen Sèt Twonpèt yo la, ki gen pou vini, ou wè. E yo tout ap vin antre la, tou. Epi Sèt Kalamite yo, ou wè, ki dwe vide tonbe. Konsa, e sa va melanje drèt ladann la, men tou sa rete mistè ankò.

51 Bon, yèswa...Nou dekouvri ke Premye So a te devwale, epi kavalye a...E Seyè a...te tèlman ede m, Mwen pat konnen l anvan. M pat janm konn okenn lan bagay sa yo anvan. Se laverite. E m jis pa konnen.

52 M te jis monte la, epi pran Bib la epi chita atè a, epi rete chita la jiska tan Sa ta pral louvri konsa. M te jis pran plim mwen e m te kòmanse ap ekri. E m te jis ret la, petèt pandan dè zè, jiskaske Sa vin--Sa vin fini.

53 Apre sa m te retounen, e m te jwenn, m te wè ki kote Li te di Sa. M te panse, "Ebyen, sanble m te wè sa yon kote." M te pran konkòdans mwen, pou ap chache l. "Èske gen on bagay ki sanble ak Sa? Epi men Li drèt la, epi anba la, epi laba." Apre sa M te jis fè lye L drèt ladann. M konnen se Bondye, toutotan Sa konpare Ekriti avèk Ekriti. Se fason sa Li dwe fèt. Se jis tankou w ap mete chak pati yon biling ansanm, wòch yo dwe tonbe an plas, wòch apre wòch.

54 Bon, yèswa nou te gen ouvèti Twazyèm So a--a. Premye a se te on cheval blan, e pwochen an se te on cheval wouj, e apre a on cheval nwa. E nou te dekouvri ke kavalye yo se te menm kavalye a, tout tan; e se te antikris la, pou kòmanse. Li pat gen okenn--okenn kouwòn, men li te resevwa youn pita. E apre sa nou te jwenn ke yo te ba l yon epe apre, pou retire lapè sou latè e nou jwenn li te fè sa. Epi answit li te entwodwi dògm pou ap bay, legliz avèk lajan, nan zafè ap fè pri yon penich pou sesi, e de penich pou sela. Men yo te entèdi l manyen Lwil la ak Diven an, ki te tikras ki te rete a.

55 E apre sa nou te bay, nou te fini yèswa, avèk egzanp sa Lwil ak Diven te reprezante, e ki efè ke L te genyen. Epi nou...Petèt sa te sonnen on tijan brital, men mwen...se jis egzakteman Laverite. Ou wè? Bon, nou te kite sou...Annou, jis pou on ti moman, repase sou sa kounye a. E apre sa nou te kite, sou pouvwa diven an, sa Lwil la te reprezante, Lespri. Bon, m kwè nou tout te pran nòt. Nou va jwenn sa sou bann yo, si w pat fè sa. Epi ki kote pou jwenn Ekriti yo, ke, lwil la se toujou senbòl Sentespri a. Tankou vyèj fòl yo ki pat gen okenn Lwil, vyèj saj yo avèk Lwil, ki se Sentespri a. E apre sa retounen, nan--nan pwofèt yo--yo, elatriye. E kounye a mwen...

56 Natirèlman, m pat eseye soti chak Ekriti la. E gen bagay ke w paka menm pale de yo; sa pran twòp tan. Men m eseye plase yo la, avèk Lèzekriti elatriye, jis ase pou bay moun yo konsa sa pèmèt yo konnen epi wè imaj Bagay la. Men si w ta pran youn nan So yo, enben, o la la, ou te ka pran on mwa w ap preche chak swa, sèlman sou So sa, e malgre sa ou patap menm touche L, ou wè, youn ladan Yo. E se konsa--konsa I ye avèk Sa. Men, nou jis frape pwén prensipal yo, apre sa ou ka--ou ka wè de Kisa n ap pale.

57 Bon, kòm Iwil se senbòl Sentespri a. Alò nou dekouvri ke Iwil ak diven konekte nan adorasyon, ou wè, toujou konekte nan adorasyon.

58 E diven, mwen di, pandan sa vin a mwen la, ke diven se senbòl ke se te pwisans--se te pwisans stimilasyon pa revelasyon. Ou wè? E sa se lè yon bagay te revele. Sa bay kwayan an stimilasyon, paske li te prezante pa revelasyon. Ou wè? Se yon bagay Bondye te di. Se on mistè; yo paka konprann Li, ou wè. E, apre on ti tan, Bondye desann e Li revele L, e apre sa Li konfime L.

59 Sonje, si Verite a revele, Verite a konfime tou. Bondye, tout tan, pe enpòt, kijan on moun ka petèt entèlijan, kijan I ka konesè nan lespri I; si Bondye pa apiye sa I ap di yo, gen on bagay ki fo. Ou wè? Dakò. Paske, se Pawòl la.

60 Bon, lè Moyiz t al laba sou enspirasyon Bondye, li te di: "Se pou gen mouch." Mouch te vini. Li te di: "Se pou gen krapo." Krapo te vini.

61 Ou wè, e si li te di: "Se pou mouch gen mouch," epi yo pat vini? Ou wè, alò li--li pat pwononse Pawòl Seyè a, ou wè; li te sèlman pale, li te pale pwòp pawòl li. Li ta ka byen panse ta dwe gen mouch. Men, pa--pa t ap gen okenn mouch ki t ap vini, paske Bondye pat di I sa.

62 E lè Bondye di w nenpòt bagay, epi L di: "Al fè sa, epi Mwen va kanpe drèt avè I, paske se Pawòl Mwen," e Li montre I nan Bib la, alò Bondye kanpe drèt dèyè sa. E si I pa ekri nan Bib la, Bondye kanpe dèyè I, kanmenm, si se Pawòl pa Bondye. Ou wè?

63 Epi si se pa anndan sa, li revele a pwofèt yo. Nou reyalize ke tout mistè Bondye yo devwale a pwofèt yo, e a yomenm sèl. Ou wè, Amòs 3:7.

64 Bon, kounye a, pwisans revelasyon an pote estimilasyon bay kwayan an. Paske, pwisans diven an, diven natirèl, se yon estimilan. Ou wè? Se pou--pou mennen yon moun, ki tonbe nèt, a yon estimilasyon. Ou wè? Ou wè? Ebyen, alò, kounye a, gen yon pwisans revelasyon Pawòl la, ki bay estimilasyon lajwa a kwayan an, estimilasyon satisfaksyon, estimilasyon ke Sa konfime, Sa pwouve.

65 Yo rele Sa, nan Lekriti, kòm nou vle refere n a sa, kòm "nouvo diven." Nou toujou refere n a li konsa, kòm, "Moun sa yo sou ak nouvo diven." Ou wè? Dakò. Oswa, "diven espirityèl," m panse, se t ap meyè entèpretasyon an. Li t ap, sou "diven espirityèl." Kòm diven natirèl la revele tèt li nan pwisans estimile, se konsa nouvo diven an fè, antan L ap revele Pawòl Bondye a, ki se Lespri. O! Kounye a gen yon...sa se yon...Ou wè, Pawòl la Limenm se Lespri. Nou kwè sa? [Kongregasyon an di: "Amèn."--Editè a.]

66 Ann li I. Ann li I, Sen Jan 6. Ann jis...Wi, alò nou---alò nou---nou p ap di: "Ebyen, bon, yon moun di sa." Ann--ann wè Kiyès ki di I, answit nou va konnen si se Laverite, oswa non. Sen Jan, chapit 6 la, e mwen kwè se swasant lan...vèsè 63 a, dakò, mwen kwè se sa. Wi.

*Se lespri k ap vivifye; lachè pa vo anyen: pawòl*

*ke mwen di nou yo, yo se lespri, e yo se lavi.*

67 Pawòl la Limenm se Lespri. Se Lespri sou fòm Pawòl. Epi, ou wè, lè Li vivifye, oswa mennen a lavi, Lespri Pawòl la pran travay epi aji. Ou wè? Paske sa...

68 Kounye a gade isit la. Yon panse dwe yon panse anvan li vin yon pawòl. Epi lè yo prezante yon panse, se yon pawòl. Kounye a, sa se panse Bondye a ke L te plase nan Pawòl la. Epi lè nou resevwa L de Li, Li vin yon Pawòl.

69 Bondye te revele Moyiz kisa pou I fè. Moyiz te pwononse li, epi li te rive. Ou wè? Se sa, lè li reyèlman soti nan Bondye.

70 Kounye a nou wè, ke--ke-- Sa--Sa estimile epi L bay lajwa, paske se Pawòl Bondye. E nouvo diven an, nouvo diven an estimile...lè Li revele Pawòl la. Alò, li pote lajwa ki depase mezi, pafwa. Nou te pase atravè sa, sa ki mennen yon tèl jwa jouk nou inonde.

71 Bon, gen yon pakèt fanatis, epi moun yo ap kontinye. Mwen konnen pafwa yo fè I lè mizik la ap ponpe monte desann, ak tout lòt bagay. E mwen konnen sa va. E mwen--mwen kwè sa, tou. Men mwen wè moun nan jou lè, toutotan ke mizik la ap jwe, tout moun t ap sote ponpe epi rele; men lè mizik la rete, sa rete. Ou wè? Mwen kwè...Ebyen, sa, sa toujou kòrèk, osi lwen ke m konsène, ou wè, osi lontan ke moun yo viv dwat. E...

72 Men, kounye a, kisa, ou konmanse pote Pawòl la! Bon, se bagay la an reyalite ki pote Lavi, se Pawòl la, e sa pote lajwa estimilasyon diven nouvo a. Ou wè? Wi. E se sa I te ye lè Pannkot la, lè Pawòl la te konfime.

73 Kounye a gade. Bon, Jezi te di yo, Lik 24:49: "Men li, M ap voye pwomès Papa M lan sou nou; men ale Jerizalèm epi ret tann jiskaske." Kisa pwomès Papa a te ye? Jowèl 2:28, ebyen,

nou wè, Li pral “devèse Lespri.” Nan Ezayi 28:19, kijan ta gen “bouch k ap bege, ak lòt lang,” ak tout bagay sa yo.

74 Yo te monte anwo a laba. E kòm nou te wè I, petèt gen youn ki di: “Ebyen, mwen kwè nou tann ase lontan. Ann jis aksepte pa lafwa.” Sa se te yon bon doktrin Batis, men sa pat mache ak frè yo.

75 Kifè, premye bagay la ou konnen, li te dwe vini yon reyalite. E pou ministè yo, yo te ret tann ke Pawòl la te konfime. E lè w vini pou chache Sentespri a, fè menm jan an.

76 Wi, ou ka aksepte I pa lafwa. Ou dwe aksepte Kris pa lafwa. Se egzakteman laverite. E ou aksepte Sentespri a pa lafwa; men alò se pou Sentespri a vin bay sikonsizyon an, kòm yon temwen ke L aksepte lafwa w la, ou wè. Alò, ou wè, Abraham te kwè Bondye, epi sa te bay pou li te yon nonm jis. Men Bondye ba li siy sikonsizyon an, kòm yon konfirmasyon Li te aksepte lafwa li.

77 Alò, sa se menm bagay la nou dwe fè. Nou dwe ret tann Sentespri a jouk Li fè yon bagay; pa nesesèman paske nou te pale an lang, pa paske nou te danse, oswa nou te ranpli ak emosyon, nou te kriye. Jiskaske nou te chanje; jiskaske yon bagay te rive an reyalite! M pa bezwen konnen sou ki fòm li vini. Se jis konsa sa te pase, sa se bagay majè a. Ou wè?

78 E mwen kwè ke pale an lang ak tout lòt bagay sa yo kòrèk, men jis bagay sa pou kont pal p ap mache. E nou konnen sa p ap mache. Alò, sa pa fè zafè a.

79 Mwen konn wè sòsyè yo k ap pale an lang, mwen konn wè majisyen yo k ap pale an lang epi k ap danse an espri. Sèten. Yo blayi yon kreyon atè a epi li ekri nan lang enkoni yo. Epi yon moun entèprete I, se vre, e I di laverite. Se vre. Li te ekri egzakteman sa k te pase, e se te egzakteman konsa. Mwen konn wè yo jete pousyè sou tèt yo, epi koupe kò yo ak kouto, epi kouvri li toupatou nèt ak san yon bêt sovaj oswa yon bagay, e-e, sèten, ou wè, epi rele dyab la. Alò, ou wè, sa pa...

80 Pale an lang pa ka fè zafè a. “Menm lè mwen ta pale lang lèzòm ak Lèzanj, epi m pa gen lacharite, sa pa sèvi m anyen. Ou wè, menm si m te ka fè !! Ou wè? Kifè bagay sa yo pa vle di ke w gen Sentespri a.

81 Men lè Li, Moun Ian, Lespri imòtèl Kris la-la vini Sovè pèsonèl, epi Li chanje w, epi Li jete pwendevi yo touswit nan Kalvè a ak Pawòl sa a, gen yon bagay ki te pase. Pèsonn pa bezwen pale w de sa. Ou va konnen I lè sa rive.

82 E diven nouvo a, lè I pote revelasyon, alò Li--Li revele.

83 E se konsa I te ye nan Pannkot. Yo te konnen ke-ke te sipoze gen yon Lespri ki devèse sou yo, e yo te ret tann jouk sa rive. Epi lè konfimasyon revelasyon an pran plas, alò estimilasyon an te sou yo. Yo te fè sa sèten. Yo te anbale, tou. Yo, dirèkteman nan lari yo; kote, yo te pè, epi yo te fèmen pòt yo. E yo te deyò nan lari yo; kote, yo te gen yon gwoup moun yo te pè; yo t ap preche Levanjil ba yo! Se vre. Ou wè? Yon bagay te rive, paske vrè Pawòl pwomès la te konfime.

84 Bon, ann rete isit la yon moman. Si sa te pote kèk bagay pozitif bay moun sa yo, ke yo--yo...Prèske tout nan yo te sele temwayaj yo ak san yo. Pe enpòt sa k te pase, osi lontan ke yo te viv, yo pat janm pase anlè Sa. Li te rete la, paske se te vrè Pawòl pwomès la, konfime. Revelasyon an vin konfime. Revelasyon an vin konfime. Epi yo te mouri, antan yo te sele temwayaj yo ak pwòp san yo.

85 Kounye a gade pwomès pou dènye jou yo. E isi a la nou wè li konfime dirèkteman devan je nou, vini prezan Sentespri a-a ak zèv Li te sipoze fè yo, e nou jwenn li drèt nan mitan nou. Ou wè? O, nou ta dwe...O la la! Kijan nou ka tandé? Gen yon bagay ki pase, m ap di w sa, zanmi! Lè kwayan predestine reyèl la, vrè, sensè a, lè Limyè sa frape semans sa a, yon bagay fè pouse yon nouvèl Vi. Ti fanm sa a bò pwi a!

86 Lè, sakrifikatè enstwi sa yo te di: "Ebyen, sa se ledyab. Li se yon divinò. Li-li jis ap predi moun yo avni yo. E li se--li se yon demon."

87 Men, lè, ti fanm sa a avèk semans predestine sa a! Bon ou panse ke se pa kòrèk? Men Jezi di: "Pèsonn pa ka vini, sof si Papa M atire I; e tout sa ke Papa a ban Mwen ap vini." E Li...

88 E antikris la, nan dènye jou yo, pral kapab...Espri antikris sa a ke n ap etidye a, nan denominasyonis la, e se pwouve ke denominasyonis la li antikris. Bon, apati de la, nenpòt moun ki ta ka elwaye yo de isit la konsa, li, gen yon bagay ki fo, epi li toujou kwè ke sistèm denominasyonis pa antikris. Alòske, li absoliman pwouve, nan listwa, nan tout bagay ki genyen, sonde Bib la ak tout lòt bagay, li antikris. E se Wòm ki alatèt li. E legliz sè yo swiv tou dwat. E toulede yo jete yo nan lanfè. Se vre. Alò nou wè bagay sa a, antikris, lespri li.

89 E nan jou n ap viv la, e, franchman, li ta dwe pote "lajwa endeskritib e ki ranpli ak laglwa." Vyèy ti fanm sa a, osito bagay sa a frape I, o la la, semans lan pouse!

90 Kounye a, sonje, Bib la di, ke nan dènye jou a, ke antikris la ta va "sedwi lemonn antye."

91 Ta va gen sèlman yon ti nonb, ke non yo te ekri nan Liv Lavi Ayo a anvan fondasyon mond lan. E lè vrè konfimasyon Verite revele Pawòl Bondye a frape kè a, li va kouri al nan dlo a, e

li va ale laba ak Sentespri a, ak tout vitès. E ou pa ka anpeche I fè I, paske nouvèl Vi a ap travay.

92 M t ap pale ak yon moun, sa pa fè lontan, li t ap eseye diskite avè m, epi li di: "Ou pa wont di ke Bondye te kreye syèl la ak tè a pandan twa jou?" Mwen...Oswa, "pandan sis jou?"

Mwen di: "Se sa Bib la te di."

93 Li di: "Ebyen, nou gen prèv e nou ka pwouve ke mond lan gen dè milyon dane."

94 Mwen di: "Sa pa gen anyen pou wè ak sa. Nan Jenèz 1:1, Li di, 'Nan konmansman an Bondye kreye syèl yo ak tè a.' Pwen! Se tou, ou wè. 'Bon mond lan pat gen okenn fòm, epi li te vid.'" Epi mwen di: "Mwen kwè chak semans te anndan la menm, depi yon lòt sivilizasyon oswa yon lòt bagay. E osito ke dlo a te retire kòl, epi limyè a te frape I, pyebwa yo te pran pouse ak tout bagay."

95 E se menm bagay la ak yon èt imen, se yon tip. Lè tout bwouya yo disparèt, epi Verite a revele a vrè semans sa a k ap repoze la, jèm lavi a, epi Limyè Levanjil la ka frape I pa yon vrè konfirmasyon Pawòl la, li va viv. Li gen Lavi nan li. Li va kwè. An deyò de sa, li pa kapab viv; li pa gen okenn vi nan li.

96 Non sa yo ki te ekri nan Liv Lavi Ayo a anvan fondasyon mond lan, va vini jis osi sèten ke nenpòt bagay. E se poutèt sa Jezi chita La menm epi L ap tann antan L ap fè zèv medyatè Li, jouk dènye semans sa a. E Li va konnen egzakteman ki lè li frape.

97 Kòm Doktè Lee Vayle...Mwen devine li ankò yon kote nan reyinyon an. Mwen pa wè I depi kèk jou. M pa kwè m te wè I. [Yon frè di: "Li isit la."--Editè a.] Li isit la. Ebyen, lòt jou li te voye ti moso papye sa a pou mwen, apwopo de sa Irene te di. Ebyen, mwen te chwazi Irene, soti byen Iwen, pou zanj laj la la ke li te ye. Men li te di: "Lè dènye manm Kò sa a va antre," nan dènye laj sa a, "Ta dwe...bagay la ta dwe revele nan lè sa a." E men li. Se egzakteman sa. Ou wè? Nou nan jou a. Dakò.

98 Alò, Pannkotis yo gen lajwa k ap debòde. Yo te reyèlman estimile. Mwen panse, se sa k rive yo chak.

99 Ann jis pran jis yon moman. Ann panse ak David. Li--li estimile nèt, tou. Li di: "Koup mwen ap debòde." Mwen kwè li te reyèlman gen yon--yon gran evènman nan vi I. Kisa, kisa k te lakoz li te fè sa? Lè I te an Espri...Paske, li te yon pwofèt. Nou konnen se sa li te ye. Bib la di sa. Pwofèt David, bon, paske li te yon pwofèt, e li te an Espri, e li te wè rezirèksyon an. Si w ta renmen li I, se nan Sòm 16:8 a 11. Li di: "An plis kò mwen te nan lajwa. O la la! M ap--m ap repoze avèk konfyans, paske Ou p ap abandone nanm mwen nan lanfè; ni Ou p ap kite Sen

W lan wè lakoripsyon.” E m ap di ou, koup li te dwe debòde, pou sa li te wè. Kèlkeswa sa l te ye a; o, li te wè rezirèksyon an, e li te reyèlman...e koup li t ap debòde.

100 David te gen yon lòt koup ki t ap debòde ankò, nan II Samyèl, (etan done nou gen kreyon nou prè), II Samyèl 6:14. Te gen yon peryòd sechrès.

101 Yo te pote lach la. Lènmi an te vini epi li te pran lach Seyè a, e yo te pran l epi yo te mete l devan Dagon, epi Dagon te tonbe sou figi l. E yo te mennen l nan yon lòt vil, epi fleyo te eklate. Se te...Se te bagay ki te pi cho yo te gen nan men yo, laba a. E yo pat ka debarase yo de li, paske li pat nan plas li.

102 Kounye a, lè yo te mete l sou yon kabwèt bëf, epi yo te rekomanse. E lè David te wè lach la ap vini, nou konn sa l te fè? Li--li te sitèlman ranpli, epi koup li te dwe debòde; estimilasyon! Lè l te wè Pawòl la te retounen revele ankò a Izrayèl, li te danse an Espri, li tounen, tounen, tounen, tounen, konsa. Wi. Koup li te dwe debòde, ou wè. Poukisa? Li te wè Pawòl la tounen.

103 E mwen panse ke sa ta fè nenpòt moun on ti kras estimile lè yo te wè, apre tout ane sa yo; epi vrè Pawòl la, pa pwomès la ke sa t ap fèt, antan yo pote l vini e li konfime. Ala yon tan! Ala yon tan!

104 Kounye a, ann li. M--m pran pale nèt, m p ap rive nan sa, e m ap kenbe nou tout isit la jouk dizè trant. M te kite nou pati bonè yè swa, alò mwen ta dwe kenbe nou pi lontan aswè a. [Kongregasyon an di: “Amèn.”--Editè a.] Wi. Wi. Non, m te jis ap takine nou. Ou wè? M ap...Nou jis vle li jis jan Seyè va kondwi nou kounye a.

*E lè li te louvri katriyèm so a, mwen te tandé vwa*

*katriyèm èt vivan an ki di: Vin...wè.*

105 Kounye a, “Lè Ayo a te louvri Katriyèm So a.” Ann rete la kounye a. Katriyèm So a, kounye a, Kiyès ki te louvri L? Ayo a. Èske te gen lòt moun ki te diy? Pèsonn lòt moun pat ka fè l? Non. Ayo a te louvri Katriyèm So a.

106 E--e katriyèm Èt vivan an, Kreyati vivan ki sanble ak yon èg la, te di Jan: “Vini, wè kisa katriyèm mistè plan redanmsyon an, te kache nan Liv sa a,” paske Ayo a t ap louvri L. Nan yon lòt sans, se sa li t ap di. “Gen yon katriyèm mistè isi a. Mwen montre w li an senbòl. Kounye a, Jan, mwen pa konnen si w te konprann Li oswa non.” Men, li te ekri sa l te wè, men se te yon mistè. Alò, li te ekri sa l te wè.

107 Ayo a t ap brize So yo, e Bondye potko ta pral revele L. Li te lese pou dènye jou yo. Ou wè? Bon, nou te gen senbòl yo, nou te panche sou sa, e nou te fè trè byen pafwa, ou wè. Men nou konnen sa kontinye ap bouje kounye a. Men, nan dènye jou yo, nou ka gade dèyè epi nou wè kote Li te ye. E se sa k sipoze fèt, sa, nan fen laj legliz la, jis anvan Anlèvman an.

108 Kouman yon moun fè di ke Legliz la prale nan Tribilasyon, m pa konnen. Men poukisa Li dwe pase atravè Tribilasyon an, alòske Li pa gen--pa gen okenn peche? M vle di...m pa vle di legliz; legliz la ap pase nan Tribilasyon. Men m ap pale de Lepouz. Lepouz, non, Li pa gen yon sèl peche kont Li, ditou. Li te blanchi nèt, e pa menm gen yon--yon...Pa menm gen yon odè de sa, e anyen pa rete. Yo pafè, devan Bondye. Alò poukisa yon Tribilasyon pou pirifye yo? Men lòt yo, wi. Legliz la prale nan Tribilasyon, men pa Lepouz.

109 Bon, kounye a nou te jis pran I nan tout kalite de senbòl kounye a. Tankou legliz la--la, Noe, tip ki te simonte a, te soti epi te kontinye nan peche. Ou wè, bon, yo te simonte. Men, Enòk te pati an premye, se te tip sen yo ki t ap antre, e anvan peryòd Tribilasyon an.

Kounye a nou wè, Ayo sa ki te louvri So yo.

110 Bon, premye Èt vivan nou wè a, se te yon...Premye Èt vivan an se te yon Lyon, yon Kreyati vivan; nou wè nan liv mè--laj legliz yo. Epi dezyèm Èt vivan an, mwen kwè, te gen figi yon bèf, oswa yon vo. E twazyèm Èt vivan an te gen figi yon nonm. Men katriyèm Èt vivan an te gen figi yon èg. Bon se egzakteman konsa nou genyen yo, y ap tounen jis egzakteman konsa. E se egzakteman konsa yo te plase menm nan Liv la isit la.

111 Epi kòm yon gran pwofesè, yon fwa, nan Florid, t ap anseye, li t ap di ke--ke...ke: "Liv Ak yo se te sèlman yon--yon echafo pou--pou Legliz. Legliz te retwouve I nan kat Levanjil yo.

112 E nou wè, kontrèman, ke Se kat Levanjil yo k ap siveye Liz Ak yo. Se apati de kat Levanjil sa yo ke Liv Ak yo te ekri, ak Sentespri a nan apot yo. E nou wè, nan Liv la, ke gadyen sa yo te chita la ap siveye; ès, nò, wès, epi sid. Nou sonje kijan nou te desine I isit la? E kijan tout bagay te jis fikse nan plas li trè byen epi pafètman.

113 Kounye a mwen vle nou remake. Li di: "Vin wè." Jan...Bon mwen vle nou remake ankò, anvan sa. Bon, sila isi a se dènye kavalye a, pou revele travay antikris la.

Demen swa, nou va touche nam ki anba lotèl la.

Pwochen sware a, jijman yo.

114 Sware apre a, depa a, pou--pou fen laj la, fen tan an, pou tout bagay, ou wè, lè Li anlve. Kidonk, se dirèkteman nan Setyèm So sa a la, devèseman koup yo, ak tout lòt bagay ki devèse. Kisa yo ye, m pa konnen.

115 Remake. Men kounye a, sou bagay sa isi a, nou wè ke kanmarad sa a se yon èg, nonm sa ke...oswa Kreyati vivan sa a k ap devèse isi a kounye a. Oswa, nan yon lòt sans, Li genyen kat etap diferan. Te gen yon laj pou Lyon an. E, nou wè, sila se katriyèm laj la.

116 Epi li di: "Vin wè katriyèm mistè nan Liv Redanmsyon an, ki te kache nan Liv sa a. Vin wè." E Jan te vin wè, epi li te wè yon chwal pal. E, ankò, menm kavalye a ki sou chwal pal sa a.

117 Bon li gen yon non ki rele Lanmò. Kounye a remake. Okenn nan lòt kavalye a, oswa okenn nan lòt chwal yo, oswa nan okenn moman ke kavalye sa a te janm kondwi a, yo pat genyen; nonm sa a pat gen okenn non. Men kounye a li rele Lanmò. Sa pa mansyone. Ou wè? Li revele kounye a. Kisa li ye se lanmò.

118 Ebyen, ala nou te ka rete lontan sou sa pou yon sèmon, epi rann li reyèlman klè! Men nenpòt bagay ki anti, ki kont sa k reyèl la, li dwe lanmò. Paske, gen sèlman de sijè, se, Lavi ou lanmò. E sa pwouve ke revelasyon Sentespri a sou sa, nan jounen jodi a, se egzakteman Laverite. Anti a, li se lanmò. Paske, Pawòl la, kòm n ap wè pita isi a, se Lavi. Ou wè?

119 E nonm sa a rele Lanmò. Bon, sa pat mansyone lòt fwa yo, apwopo kavalye sa a. Men, depi, kounye a li mansyone, ke li se Lanmò.

120 Men anba revelasyon Lyon an...Kounye a siveye. Kounye a m vle li sa byen, konsa m ka sèten; m note plas yo, pozisyon yo. Anba, pa anba revelasyon laj Lyon an, oswa premye laj la, laj primitif la, Sa pat revele. Pwochen laj se te laj bèf la, ki se laj tenèb la, mwayen aj la, li pat revele pou sa Li te ye. Ni Èt vivan ki sanble ak yon nonm lan, sajès la, ki reprezante refòmatè yo, Luther avèk Wesley e latriye, Li pat revele. Men nan laj èg la, dènye laj la, laj pwofetik la, kote ki dwe gen pawòl pwofetik la, ou wè, a sila ke sekrè yo toujou vini an! Kounye a, men kote nou jis...

121 Nou pral pase yon ti tan sou sa, aswè a, pou ke nou ka konprann nèt. Kounye a, nan pifò fwa, nou reyalize, sa yo...m p ap jis ap pale a gwoup sa isi a. Kasèt sa yo prale toupatou, ou wè, e mwen dwe rann li klè. Paske, yon moun pral jwenn yon sèl kasèt, epi, si yo pa jwenn rès yo, yo jis ap pann tèt yo, ou wè. Bondye te pwomèt Sa, ou wè, pou jodi a, an dènye, pou mete fen a tout diferan bagay sa yo ki pase yo e ki te konfi. Nou se...

122 Nou te genyen rad Eli yo. Nou te genyen manto Eli yo.O, gen moun ki...John Alexander Dowie antere anwo a la, yo vlope l nan yon--yon manto. Li di li te Eli. E nou te genyen tout kalite bagay konsa. Kisa sa ye, kanmenm? Se sèlman pou anlve yon Verite ki ta pral prezante. Ou wè? Yo te genyen fo plizyè fo Kris anvan tan Jezi a. Ou wè? Yo te toujou fè sa. Se Satan, k ap fè sikile yon kontrefason, pou boulvèse lespri ak lafwa moun yo, anvan bagay la rive reyèlman. Se tou.

123 Èske Gamalyèl pat di Jwif yo menm bagay la jou sa a? Li te di: "Èske pat gen yon nonm ki te leve, ki te pretann ke li te Sesi? E yo te mennen kat san nan dezè a. Yo te peri, e latrìye."

124 Li di: "Tout branch ke Papa M pat plante," Jezi di, "pral derasine."

125 Gamalyèl te di: "Kite yo trankil. Si yo, si sa pa vin de Bondye, èske li pap detwi? Men si l vin de Bondye, w ap jwenn ou ap lite kont Bondye." Nonm lan te itilize lasajès. Li te yon doktè.

126 Kounye a, remake. Bon, pou devwale tout mistè sa yo, Bondye te pwomèt ke ta gen yon Elize otantik pou ki parèt, yon nonm ki wenn ak Lespri sa a, e li sa ta revele. Li te pwomèt li nan Malachi 4. E mwen gen nòt ak lèt ki di ke ke se pa sa, men mwen ta renmen pale ak moun sa. Ou wè? Ebyen, ou pa ka renye sa. Nenpòt reyèl, bon teyolojen konnen sa se Laverite, se sa y ap tann.

127 Men sa dwe menm jan an ke li te ye pou Jan, prekisè premye fwa Kris la. Ebyen, yo pat rekonèt li, paske te gen tèlman gran bagay ki te pwofetize sou li. Ebyen, li te dwe "fè tout plas ki wo yo vin plat, epi fè tout plas ki ba yo vin wo, tout plas ki di yo vin mou." E, o, li...Pwofèt yo: Ezayi, sètsandouz lane anvan nesans li; epi Malachi, katsan lane anvan li antre an sèn; tout sila yo te pwofetize sou li. E yo te espere kèk koridò nan Syèl la ki pou desann, epi pwofèt sa a mache soti drèt ak baton l nan men l, soti kot Bondye.

128 E kisa k te pase? Yon nonm ke nou...li pat ka menm montre yon kat manm. Li pat kapab montre yon akreditasyon. Li te rete nan dezè a; li pat menm genyen enstriksyon nan yon lekòl piblik. Yo di nou, istoryen yo, li te pati pou l al nan dezè a lè l te gen nevan, apre lanmò papa l ak manman l. E li te elve...Travay li te two enpòtan, pou l te nan melanje ak kèk seminè. Li te dwe--te dwe anonse Mesi a.

129 Bondye pat ka itilize yon nonm ki te boure ak teyoloji. Li pa ka fè sa, paske li pral toujou tounen vè sa. Se liy aprantisaj li. L ap tounen vè sa. Alò, lè li wè yon bagay, l ap eseye tounen vè sa doktè yo te di. Li ta mye pou w elwaye w de bagay sa yo. epi jis kwè Bondye.

130 E nou wè ke yo te rate l. Menm apot yo ki te kanpe la, te rate l. Ebyen, yo te di: "Poukisa Lekriti di, eskrib yo, yo di ke Eli..."

131 Li di: "Ebyen, li déjà venu, et nous ne savons pas où il va."

132 Et se la que mwen compare rezirèksyon an, oswa Anlèvman an. Li va pati, et yo pral...mwen konnen sa parèt etranger. Men petèt ou va konnen yon ti kras plis apre aswè a, si Seyè a vle, jis kouman sa pral fèt, ou wè. Li va tèlman yon sekrè, pèsonn pral conn anyen sou sa, apèn. Lemonn pral jis panse, jis kontinye fonksyone kòm li te toujou ye, ou wè, epi jis... Se konsa Li toujou fè l.

133 Nous connaissons, mwen doute si gen youn--youn...mwen di, yon katrevendiznevyèm de en pouzan pamie moun ki sou latè, te janm connais Jezikri te isi a lè Li te la. Èske nou connais, lè Eli te pwofetize, mwen doute si te gen apèn yon moun ki te connais ke li te... Yo connais te gen yon fou laba, kèk vye fanatic, men yo te rayi l. Sèten. Li te sa yo te rele yon moun biza.

134 E mwen panse, nènpòt Kretyen ki ne de nouveau se yon jan de moun biza, pou--pou lemonn, paske ou chanje. Ou soti nan yon lòt mond. Espri ou travèse lòt bò kote abim lan. E bagay isiba sa se tèlman yon konfizyon... Alò, si ou pa--ou pa diferan, gen yon bagay ki fo; ou, ou two mare ak latè ankò. Ou ta dwe fikse panse w sou Syèl la. E Syèl la viv de Pawòl la.

135 Kounye a, nous remake ke gran bagay sa--sa pran plas li. Kounye a, nou kwè ke pral genyen vini yon vrè Lespri Elize. Li te predi ke sa ta rive, ou wè. E nou dwe raple nou ke li va isi a, nan sezón I epi nan tan pa l. Nou ka ap fè yon fondasyon pou li kounye a. E se pa...li p ap yon òganizasyon.

136 Mwen--mwen pa dakò ak yon bon zanmi m sou sa. Li di se va yon gwoup moun. Mwen vle w montre m sa nan Lekriti. Bondye, Bondye ki pa chanje a, pa janm chanje plan Li yo. Si li fè sa, alò Li pa Bondye; se vre, paske Li se yon mòtèl, e Li connais menm jan avè m, e Li fè erè.

137 Bondye pa janm chanje plan L, depi fwa sa a nan jaden Edenn lan. Li te fè yon plan pou redamsyon an; se te San an. E nou eseye enstriksyon. Nou eseye diktati. Nou esye sikoloji. Nou eseye denominasyon. Nou eseye tout bagay, pou pouse tout moun ansanm, oswa renmen tout moun ansanm, ak tout lòt bagay. Pa gen okenn lòt plas pou kominyon ke anba San an, ankò, se sou sèl baz Bondye rankontre lòm.

138 Bondye toujou trete ak yon sèl endividé. De moun genyen de lide. Pa janm gen de pwofèt majè sou latè, k ap pwofetize nan menm tan an. Gade dèyè pou wè si te genyen. Non, mesye. Twòp konfizyon! Li dwe genyen yon sèl nom ki konplètman soumi, epi Li itilize moun sa a. L ap chache yon moun konsa.

139 Men va gen youn, yon fwa, yon moun ki va koute L, Mo pou Mo. M pa sousye m de sa nenpòt moun di, yo pap janm elwaye yo de Sa. Se vre. Yo va ret tann MEN SA SEYÈ A DI. E, alò, yo p ap bouje jiskaske. Li va youn ki konfime kòrèkteman.

140 Bon, lemonn ekteryè a va rayi sa, men Semans eli a, Semans predestine a, tankou jan te genyen nan tan Jezi a, lè Limyè a te klere, Semans sa a va vin a Lavi *konsa*. [Frè Branham klake dwèt li yon fwa--Editè a.] Yo va rekonèt Li. Yo va konprann Li. Ou p ap bezwen di yon sèl mo sou Sa.

141 Li di: "Mesye, mwen wè ke W se yon Pwofèt. M konnen lè Mesi a va vini, Li sipoze..."

Li di: "Mwen se Li."

142 Gason, sa, sa te sifi. Li pat bezwen ret tann tout sware a, epi ret tann lòt sware a. Li te aksepte L menm lè a. Li te sou wout li. Li t ap temwaye yo de Sa.

143 Kounye a, bon, nan premye laj la se te yon laj Lyon. Se te Lyon tribi Jida a, Kris. Pwòp infliyans Vi Li, ki te domine laj sa a. Sa se te premye *Èt* vivan an, ki vle di "Pwisans," ki te reponn pa yon vwa imen.

144 Pwochen laj la se te laj bèf la, oswa laj kavalye ki sou chwal koulè nwa a. Ou wè?

145 Bon, rezon ki fè ke premye laj sa a se te yon laj blan, se te ke...kòm--kòm mwen toujou tandé moun di ke premye kavalye sa a, blan an, se te pwisans legliz, ki te soti pou konkeri. E nou jwenn yo te ba li yon kouwòn, se sa li te ye. Se te legliz. Se te legliz, men ki kote l t ale? Li t ale Wòm. Se kote sa li t ale. Li te resevwa kouwòn li.

146 Bon, dezyèm laj la te yon--te yon kavalye sou yon chwal wouj, ki te laj tenèb yo.

147 E kounye a--kounye a, pwochen laj la, se te nonm, ki sot nan laj kavalye sou chwal nwa a. E se te laj refòmatè yo, ou wè, lè Vwa a--a te pale. Kounye a, kavalye sou chwal nwa a, se te antikris la. Men Sila ki t ap pale nan laj sa a te reprezante pa yon nonm, e sa se sajès, entelijans, riz. Ou wè? E yo pat genyen l, ou wè. Yo pat rele...Yo pat bal non. Ou wè? Yo jis di ke li te soti.

148 Men kounye a, lè laj èg la rive, sa se sila ki...Bondye toujou konpare pwofèt Li yo ak èg yo. Li rele Tèt Li yon èg. Èg la vole sitèlman wo, pa gen okenn lòt bagay ki ka touche l. Non sèlman li anwo a la, men li bati pou pozisyon sa a. Lè li monte anwo a la, li ka wè kote l ye a. Gen kèk moun ki monte anwo a la e yo pa ka wè kote yo ye, kifè sa pa itil anyen pou monte anwo a la. Men si ou...

149 Men kite yon kòbo eseye vole ak yon èg, oswa yon fokon, nenpòt ladan yo, I ap dezentege. Se pou li ka ogmante presyon li pou kote I prale a.

150 Se sa pwoblèm lan jodi a, kèk nan nou pa ogmante presyon nou. Nou eksplode two vit, ou wè, lè n ap sote ponpe. E, men, nou dwe ogmante presyon nou.

151 Lè nou monte anlè a la, e nou dwe genyen rega pèsan èg la, pou n wè sa k ap vini, epi konnen kisa pou n fè. Bon, laj èg la revele Li. Kounye a nou wè, ke laj èg la te pwomèt nan Apokalips 10:7 epi nan Malachi...1, 4. Sa ta dwe nan dènye jou yo, ou wè, se vre, ke sa ta dwe isit la. Dakò. Remake.

152 Bon, endivid sa a, nou wè ke I ap kondwi yon chwal pal. Pal! O la la! Apre, remake apre...

153 "Swasantuit milyon Pwotestan," kòm nou te tire sa yè swa nan--nan *Refòm Goriye Schmucker* a, ki sot nan--nan matiwoloji Wòm lan. Nou wè sa, rive jouk nan lane 1500, mwen kwè se te sa, oswa dizuit...M pa sonje egzakteman kounye a. Men se te swasantuit milyon ke yo te touye, poutèt yo te pwoteste kont premye legliz Women an, Wòm. Se pa etonan, li te ka enkane tèt li nan non yon pèsonaj...epi yo rele I Lanmò. Li te sa se sèten.

154 Kounye a, Bondye sèlman k konnen konbyen moun li te lakòz ki mouri espirityèlman, pa ansèyman anti-Bib, Pawòl li! Se sila ki te pase swasanntuit milyon anba epe, epi te touye yo. E petèt, tout bon, dè milya te mouri espirityèlman, sou fo ansyèman li. Pa etonan li te ka pran non Lanmò!

155 Ou wè kavalye an? An premye, kòm yon antikris, li te lanmò, pou kòmanse; men I te inosan lè sa a. Apresa li te resevwa yon kouwòn, youn ki vo twa; epi lè I te fè I, lè sa li te reyini, Satan te reyini legliz li ak leta, paske I te sou tèt tou de lè sa a. Antikris se te Satan, sou fòm yon nom.

156 Epi apre, tou, Sen Matye, m kwè se li, chapit 4 la, di nou ke-ke. Satan te pran Jezi, Seyè nou an, monte, epi te montre L wayòm mond lan, yo tout, nan yon moman, e glwa yo, te ofri yo ba Li. E I te di...Yo, yo te pou li.

157 Kidonk, nou wè, lè sa a, si I ka reyini leta I ak legliz li ansanm, alò kavalye chwal wouj lan te ka **kouri**, se sèten. Ou wè? Se vre! Kounye a, apresa, nou dekovri mistè I isi a, nan legliz ak leta li.

158 Katryèm etap nan ministè li, li te rele bét la. An premye li te rele antikris la, ou wè; apresa li te rele fo pwofèt la; epi I te rele bét la. Kounye a nou jwenn li isi a ki rele tankou bét la. Kounye a, m vle nou remake, sa se apre katryèm chwal lan.

159 E nan katryèm chwal sa a, si n va remake, tout...Premye an te blan; e apresa sa k vin apre an te wouj; e sa k vin apre an te nwa; e katryèm lan, tout lòt twa yo te reprezante nan li; paske, koulè pal se wouj ak-ak blan, epi konsa, mele ansanm. Ou wè? Li...Se-tout te mele nan gress chwal sa a. Ou wè? E I vin kat la a, oswa, an reyalite, twa nan youn. E tout te mele nan sèl bagay sa a.

160 Kounye a m vle nou remake toulè kat. Remake dekalaj la, nan kat, nan matematik espirityèl la. Bondye se twa. Sa se kat. Li nan kat, isi a. Premye, antikris, blan; dezyèm, fo pwofèt, wouj; twazyèm vikè syèl ak latè ak-ak pigatwa, nwa; katryèm, bét la, chwal koulè pal, Satan y ap choute deyò sot nan Syèl la. Nou vle li sa? Apokalips 12:13, Satan y ap choute deyò sot nan Syèl la. Apresa nan Apokalips 13:1, 8, li enkane nan moun bét la.

161 Dabò li se antikris lan, jis-jis yon ansèyman ki rele Nikolayit; apresa li vin, apati de sa, rive yon fo pwofèt. Si I s on antikris, antikris se lè w kont. Nenpòt bagay ki kont Pawòl Bondye a kont Bondye, paske Pawòl la se Bondye. "Nan kòmansman an te gen Pawòl la, e Pawòl la te ak Bondye, e Pawòl la te fè L chè, Kris, epi te abite nan mitan nou." E kounye a li kont Pawòl la, kidonk li se antikris. Men yon lespri pa ka kouwone; se pou rezon sa a li pat resevwa yon kouwòn. Jis yon ak, pa g okenn flèch.

162 Epi apre lè I vini, tan kouwònman an, lè sa a li vin fo pwofèt ansèyman antikris li a. Konprann li? Apresa I resevwa yon epe, paske I reyini pouvwa I yo ansanm, apresa li pa gen pou I mande pèsòn. Li se dirijan leta; li se dirijan Syèl la. Resevwa yon kouwòn ki vo twa. Fabrike yon lide bay tèt li ki rele "pigatwa." Kote, si-si kèk nan yo mouri dèyè la a, epi yo gen kèk lajan, vle peye yo, li te ka lapriyè pou fè yo soti ladan I. Paske, li gen pouvwa a pou I fè sa; li s on vikè. Sètènman, se sa I ye. "Li pran plas Bondye, sou latè." Si sa pa klè menm jan ak nenpòt bagay!

163 Nou jwenn li, rale I desann, atravè Bib lan, epi konte chif nimerik li yo ak tout lòt bagay. Men li...?...dèyè dwat isi a nan chif kat, pa chif twa. Chif kat, ou wè.

164 Kounye a ann vire, Apokalips 12. Ann jis li sa a jis on ti moman, paske nou-n ap gen tan fè sa. E ann li Apokalips chapit 12 lan-lan ak vèsè 13 la. "E menm lè a te g on gran tranblemandtè..." Non, m gen-m gen move kote a. 13 la:

*Lè dragon an wè se tout bon yo te jete / deyò sou latè, li pèsekite fanm ki te fè pítit gason an.*

165 Kounye a, nou wè, yo te jete I deyò, sou latè, epi I vin enkane, menm jan lespri antikris la vin enkane nan yon nonm. Nonm sa a chanje sot nan yon bagay al nan on lòt, soti nan yon lespri antikris al nan yon fo pwofèt, epi apre bét la antre nan li.

166 Jis egzakteman tankou Legliz lan grandi; legliz li sot nan-nan antikris al nan fo pwofèt, epi, nan gran laj k ap vini an, bêt la ki dwe leve. Kidonk, Legliz lan vin menm fason an, atravè jistifikasyon, sanktififikasiyon, ak batèm Sentespri an, se Kris ki nan moun li yo, jis egzakteman. E li gen antitip Sa a lòtbò an,...ou wè, tip Li an, pito. Men li, jis egzakteman, Se li. Yo choute l sot nan Syèl.

167 Kounye nou dekouvri, nan Apokalips 13:1 rive 8.

*Apre sa, mwen kanpe sou sab lanmè a, epi mwen wè yon bêt ki t'ap leve...*

168 Kounye a, men 12, kote yo te choute l deyò. Kounye a gade.

*...wè yon bêt ki t'ap soti nan lanmè a, li te gen dis kòn ak sèt tèt. Li te gen dis kouwòn sou kòn li yo. Li te gen make sou tèt li yon non blasfèm.*

*Bêt mwen te wè a te sanble ak yon leyopa. Pa t' li yo...*

169 O, si n te jis gen tan kounye a, nou tap pran rès nwit lan, kontinye dwat sou senbòl sa yo la a, epi montre, pote l dwat ba li ankò. Nenpòt, prèske nou tout konn sa, nan lòt lesion.

*...te....pa t' yon lous, bouch li...bouch yon lyon. Dragon an ba li pouvwa li,...fotèy, ak...otorite.*

170 Huh! Satan enkane! Ou wè?

*E m te wè yonn nan tèt li yo tankou l te...yon blese ki te manke touye li...*

171 Epi kontinye desann, antan n ale, si n vle, lè n g on chans pou n kontinye li pi ba. Non, ann-ann li jis on tikal.

*E m te wè yonn nan tèt li yo tankou l te gen yon blese ki te manke...touye li. Men, blese mòtèl li a te geri. Tout moun te sezi wè sa, yo pran swiv bêt la.*

172 Jis gade! Piga nou janm gade kominis. Se pa anyen pase yon enstriman, k ap jwe nan men Bondye, pou ede nou yon jou pou: "vanje san an," jan n ap pran demen swa. Ou wè?

*Tout moun pran adore dragon an...*

173 Kimoun ki te dragon an? Satan. Se vre? "Dragon wouj lan." Trè byen.

*...paske li te bay bêt la pouvwa li (kote l jwenn pouvwa li, ou wè). Yo adore bêt la tou, yo t'ap di: Kilès ki tankou bêt la? Kilès ki ka goumen avè li?*

*Bèt la te resevwa pouvwa pou l' te di gwo bagay blasfèm. Yo ba l' pouvwa fè sa l' vle pandan karannde mwa.*

*Bèt la te louvri bouch li nan blasfèm kont Bondye (Men li, ou wè. Trè byen.),...pou blasfeme non li, (ba li yon tit)...tabènak li (ki se plas kote Sentespri a abite),...*

- 174 Pou fè l vin yon plas nan Wòm, yon Vil Vatikan. Nou ka jis kontinye desann:

*...ak tout moun ki rete nan syèl la.*

- 175 Te blasfeme yo, nan di yo te entèsè.

*Yo ba l' pouvwa pou l' fè lagè ak sen yo (e se sa l te fè), jouk pou l' te genyen batay la kont yo (li te fè l)...*

- 176 Te boule yo sou poto a! Te bay lyon manje yo! Epi te touye yo nenpòt fason yo te kapab!

*...Yo ba l' pouvwa sou moun tout ras, tout peyi...tout lang ak tout nasyon.*

- 177 Li pat janm vin fason sa a nan Wòm jouk Wòm payen an te konvèti nan Wòm papal, epi pouvwa Katolik lan gaye nan mond lan, te fè legliz Katolik inivèsèl la.

*Tout moun ki ret sou latè pral adore l', sa vle di tout moun ki pa t' gen non yo ekri nan liv...*

- 178 “Pa manyen Lwil Mwen ak diven M!” Ou wè?

*Tout moun ki ret sou latè pral adore l', sa vle di tout moun ki pa t' gen non yo ekri nan liv lavi ki pou ti Mouton yo te touye a, depi nan fondasyon mond la.*

*Si yon moun gen zòrèy, se pou l koute!*

*Moun ki kondwi al nan prizon pral nan prizon. Moun ki touye anba kout nepe, yo dwe touye l anba kout nepe. Men pasyans ak...konfyans sen yo.*

- 179 Kounye a, nou te genyen l k ap vini, yè swa, ak gran nepe li, pou l touye.

- 180 Nou dekovri ke yo te vin touye l ak nepe a, tou, nepe Pawòl la. Pawòl Bondye a, file, nepe de bò, touye l, mete l atè dwat. Tann jouk Sèt Tonè sa yo gwonde vwa Yo bay gwoup sa a ki vrèman ka pran Pawòl Bondye a epi remèt Li la a, L ap tranche e L ap koupe. E yo ka fenmen syèl la. Yo ka fenmen sesi, oswa fè sela, kèlkeswa sa yo vle a. Glwa! Pawòl ki soti nan bouch Li pral touye l, Li pi file pase on nepe de bò. Yo te ka rele san milya tòn mouch si

yo te vle. Amèn. Kèlkeswa sa yo di, pral rive, paske Se Pawòl Bondye a k ap soti nan bouch Bondye. Ya. Amèn. Bondye, toujou, Se Pawòl Li, men Li toujou sèvi ak lòm pou fè L mache.

181 Bondye te ka rele mouch sa yo, desann nan Lejip, men Li te di: "Moyiz, sa se djòb ou. M ap annik di w sa pou fè, epi w al fè I." Li te fè sa an plen. Ou wè? Li-Li te ka chwazi solèy la-la pou rele yo, Li te ka fè lalin lan rele I, oswa van an rele I. Men, Li-Li te di: "Moyiz." Sa a, sa...Li te chwazi nomm Li. Trè byen.

182 Kounye a nou dekouvri isi a, ke Satan sa a, apre yo te choute I deyò nan Syèl la, li enkane tèt li nan bét la. Epi kounye a li s on bét; antikris, fo pwofèt, ak kounye a bét. E yo te ba I non Lanmò! Epi Lanfè swiv li! Satan an plen, sou twòn li! O la la! Sou latè, li se reprezantan Satan, sou latè, ke kounye a li se chèf tout wayòm mond lan, menm wayòm yo menm ke I te ofri Seyè Jezi nan Matye 4. Satan kounye a vin yon wa an plen.

183 Kounye a, sa pase pi ta. Li se fo pwofèt kounye a. L ap vin bét, apre on moman, lè I kraze alyans li la a ak Jwif yo. Nou konn kijan nou... Trè byen, remake kounye a, l ap resevwa yon kè yon bét, nan moman sa a, epi Satan pral enkane tèt li. Paske, lè Legliz lan monte, yo chase Satan. Ou wè? Ou wè? Sa fini, lè sa a, tout akizasyon li fini. Ou wè? Kounye a, tank...

184 Gade, tank Entèsesè a toujou sou Twòn lan, Satan ka kanpe la a epi akize, paske I s on avoka sou lòt bò a. Li se opozan Kris. E Kris se...Li kanpe la a, opozan an-an-an kanpe la a, ap di: "Men, tann! Adan te tonbe! Adan te fè sesil! M te konkeri I. M te fè madanm li kwè yon manti. Epi W te di sa t ap modi I. M genyen sa a!

185 Men, men Mediyatè a kanpe la a, amèn, Paran Redanmtè a, amèn, kanpe la a ak San an ki ka pran kè pechè ki pi mal lan epi chanje I. Medyayè a sou Twòn lan. Wi, mesye.

Satan te di: "Men yo koupab!"

Li ka di: "Yo pa koupab."

186 Klowòks sa a te envante, oswa fabrike, pou pran tach, retire koulè a nan lank lan oswa nenpòt lòt tach. Yo genyen I. L ap dekonpoze I jouk nou pap janm jwenn li ankò. Li retounen gaz, epi ale nèt tounen nan limyè kosmik. Epi depase molekil ak tout lòt bagay, jouk li vire tounen nan orijinal la kote I te soti an. S on kreyasyon. Te dwe...Yon kreyasyon te dwe sot nan yon Kreyatè. Men tout pwodwi chimik ki te fabrike epi met ansanm, yo te dekonpoze, e se jis tout sa k gen ladan I. Pa g anyen ladan I ankò. Menm sibstans dlo menm-menm ke I ye a, mele ak Klowòks lan, ki se sann.

187 Amèn! Glwa pou Bondye! Tout pwòp. Se sa San Jezikri an fè pou vrè ptit Bondye a, lè I konfese peche sa a epi kanpe la a, jistifye nan pa Li...Mizèrikòd! O la la! Li menm si tèlman gran jouk Bondye te di: "M pa menm ka sonje I ankò. E li se ptit gason M tout bon."

188 "An verite, Mwen di nou, si nou di mòn sa a 'deplase,' e nou pa doute nan kè nou, men nou kwè nan sa n te di an, nou...li va rive. Nou ka gen sa ke n te di ki t ap fèt la." Nou se yon ptit gason rachte. Amèn! M konnen se vre.

189 M te wè dè ekirèy ki parèt lòtbò an, sis fwa diferan, ke m pat konnen sa k t ap chita isi a. Jis menm jan, Li ka kreye ekirèy menm jan Li ka kreye mouch, oswa krapo, oswa nenpòt lòt bagay. Li, Li se Bondye, Kreyatè a. Se vre! E lè pa gen okenn èt mòtèl...

190 Men lè peche sa a de mòtèl sa a konfese epi tonbe nan Klòwòks sa a, de klòwòks Jezikri a, Li blanchi tout peche. Li pi nèt, san peche, san fot. "Sila ki fèt nan Bondye pa komèt peche, paske li pa ka peche." Klòwòks lan kanpe nan mitan limenm ak Bondye. Kijan I te ka janm rive la a, lè I dekonpoze I epi voye I tounen dwat bay sila ki pèvèti li! Amèn!

191 Fiouw! M santi m reliye. M-m di nou, m gen eksitasyon kounye a antan sa kòmanse revele.

192 Remake, Satan an plen, sou twòn li. Wi, mesye. Te ofri I bay Bondye, te ofri I bay Seyè nou an. Men I isi a, chita isi a, ak kè bêt sa a nan li. Kounye a, men moun lan, bêt lan, dyab enkane an. Li fè aparisyon I isi a sou latè, anba fo pretèks la. O la la, la la! Anba fo pretèks de vrè Pawòl la, li asosye tèt li ak Pawòl la.

193 Li te jis fè menm bagay la ke tip li a-li a te fè, ki te Jida, sa fè demil an de sa. Kisa I te fè? Jida te antre, kòm yon kwayan, li te yon dyab depi nan kòmansman an. "Li te fèt ptit pèdisyon an." Li pat rale anyen sou Jezi, paske L te konnen I depi nan kòmansman an menm; amèn, paske L te Pawòl la. Trè byen. E, sonje, Jida te pran plas la kòm trezorye, e I te tonbe pa lajan.

194 Se konsa legliz jou sa a fè! Legliz Katolik la, jan nou t ap remake yè swa, ap fè peye pou nevèn, fè peye pou lapriyè, epi fè peye pou tout bagay. Se prèske menm jan an, e menm bagay la te tonbe pou ptit fi legliz Katolik lan, se te Pwotestan yo. Tout bagay la vlope nan lajan. Men kote Jida te tonbe, e men kote I te tonbe, e men kote Pwotestan yo tonbe.

195 Gade, monte yon chwal koulè pal antan I parèt sou monti li, dènye monti sa a. Li sou dènye I la kounye a. Kounye a, sa se pa nan jou pa nou. Sa pral kontinye desann. Se So an, anonse davans. Paske, ou wè, Legliz la te fin monte lè sa rive. Lè Kris parèt isi a sou latè, antan-antan-antan...Kanmarad sa a parèt, epi vin dyab la nèt, nèt; sot nan antikris, desann

nèt ale, atravè fo pwofèt, apresa nan bêt la, dyab la limenm. E l ap moute sou yon chwal koulè pal, tout koulè, epi mele ak tout kalite koulè, pou fè l koulè pal epi mòtèl.

196 Men lè Seyè nou an parèy isi a sou latè, L ap monte sou yon chwal blan kou nèj. E L ap Emayèl la nèt, an plen, Pawòl Bondye an enkane nan yon Nonm. Ou wè? Se jis nan ki pwen gen diferans nan yo. Se diferans la avè yo.

197 Remake, antrikirs la sou yon chwal koulè pal, koulè mele. Yon chwal s on bêt ki reprezante yon pouvwa. Tout pouvwa l mele. Poukisa? Se politik, se-se pouvwa nasyonal, se yon pouvwa relijye, se pouvwa demon. Se tout kalite pouvwa mele ansanm, se te yon chwal koulè pal, mele. Li gen tout kalite pouvwa.

198 Men lè Jezi vini, se sou yon chwal yon sèl koulè, Pawòl lan. Amèn!

199 Sila a mele koulè l yo, de wouj, blan, nwa; twa koulè nan youn, reprezante nan youn. E twa pouvwa reprezante nan youn; chwal blan an, chwal nwa an, chwal wouj. E twa kouwòn, nan youn. Ou wè? Sèten.

200 M te wè kouwòn la, mwenmenm; te kanpe, o, pre *konsa* epi te gade l. Yo pat kite m rive sou li, poutèt vit lan, sou li. Kifè men l te la a, yon gwo kadna sou li, poze nan yon bwat: kouwòn ki vo twa. Kidonk m konnen se laverite. En-en. Kidonk men l te la a, kouwòn ki vo twa, vikè: syèl, pigatwa, ak latè.

201 Twa pouvwa reyini ansanm, ou wè, tout mele nan yon koulè, pal. Lanmò te pale nan tout bagay la; pouvwa politik, ak-ak relijye, ak-ak demon, mele ansanm. Politik, li se wa politik yo, se sa Satan ye. Entèlijan! Fiouw! Sèten. Pa eseye pi entèlijan pase l. Jis-jis fè Seyè a konfyans. Se tout.

202 Kòm m t ale nan tout anvan. Tout entèlijan, edikasyon ak bagay kon sa, soti nan move bò a. Jis swiv li nan Lekriti, chache wè si se vre. Swiv pitit Kayen yo epi wè kisa yo devni. Apresa swiv pitit Seth yo, wè kisa yo te ye. Se pa tankou m ap soutni iyorans, ditou menm. Non, mesye. Men pran nenpòt moun, apèn, nan Bib lan, trè raman...

203 E gen youn ki te rele Paul, se te yon nonm entèlijan e l te di li te dwe bliye tout bagay li te konnen, pou l konn Kris. Li te di: "M pa janm vin jwenn nou ak pawòl sajès lèzòm ki atiran, men m vin jwenn nou nan Pwisans rezireksyon Kris la." Se vre, Pwisans Sentespri a!

204 Gade lòt yo. Kèk nan yo pat janm konn men dwat ak göch yo. Epi-epi, o, gade desann nan laj pwofèt yo, e kote yo soti, e latriye. Ou wè sa m vle di?

205 Ou wè, s on entèlijan, entèlektyèl, ak sajès. Sajès se egzakteman bagay la menm ki retire w sot nan Bondye.

206 Li te gen twa pouvwa, oswa twa-twa jiridiksyon: latè, Syèl, ak pigatwa.

207 Li se, limenm, yon trinite. Se ak sa a l te fèt. E l monte nan yon trinite. Pouwva l se nan yon trinite. Kouwòn li se nan yon trinite. Chwal li se nan yon trinite. Se sa l ye, yon trinite; on pouvwa trinite, on kouwòn trinite, yon chwal (ap monte) trinite; sa se pou fonksyon, yon kat ankò, ou wè, yon kat ankò. Trè byen.

208 Twa etap nan ministè l, fè l yon sèl moun, Satan enkane. Twa etap nan mini-...antikris, fo pwofèt, ak bèt. Twa sa yo, ap tipifye, ou wè. Kounye a gen twa tip, kounye a, la a ki fè l.

209 Bondye, Bondye fè yo konnen L, tou, nan dlo, San, Lespri; fè de yon Kretyen yon pitit Bondye, pa Pawòl Bondye a. Ou wè? E twa pouvwa sa yo fè l yon dyab. Ou wè? O, Sa isi a, se dlo, San, ak Lespri, ki se de Bondye. E sa se pouvwa politik, reliyon ak demon, mele ansanm, fè l dyab la.

210 Premye vini Kris lan, yon mòtèl. Li vin twa fwa. Kris nan twa. Ou wè? (Gad kijan l vini; li se kat la.) Gade Kris. Premye vini, Li vini yon mòtèl, pou l senyen epi mouri. Èske se vre? Sa se premye vini L. Dezyèm vini an se Anlèvaman an; nou rankontre L nan syèl la, imòtèl. Twazyèm vini Li, Li se Bondye enkane a. Amèn! [Frè Branham bat men l ansanm yon fwa—Editè a.] Bondye, Emayèl, pou reye sou latè! Se vre, sèlman twa.

211 Katryèm etap kavalye an, gade. Katryèm etap kavalye sa a rele Lanmò. *Lanmò* vle di “Separasyon etènèl ak Bondye.” Se sa lanmò vle di, pou separe Etènèl ak Bondye.

212 Kounye a, si n te plase kanmarad sa a, klas, si n te montre pa Bib la, kimoun kanmarad sa a ye; e nou te menm pran bit yo, plas la ak tout kote, jis bay detay egzakteman, kontinye desann dwat. E kounye a, zèg la rele l: “Lanmò.” Se konsa L rele l. Sonje, isi a, ou wè, lanmò se separasyon Etènèl.

213 Sonje, sen pa mouri. Yo dòmi, pa mouri. “Sila ki tandé Pawòl Mwen yo, epi kwè nan Sila ki te voye M, gen Lavi Etènèl.” Se vre. “Pap vin nan jijman an; pase sot nan lanmò al nan Lavi. M se rezireksyon an ak Lavi,” se sa Jezi te di. “Sila ki kwè nan mwen, menm si l te mouri, poutan l va viv. E kèlkeswa moun ki viv epi ki kwè nan Mwen pap janm mouri.” Laza, mouri? “L ap dòmi.”

214 “Pa pè, tifi a pa mouri, men l ap dòmi.” Yo te griyen dan sou Li pou pase L nan betiz. Èske se vre? O la la! Ou wè, sen pa mouri.

215 Separasyon ak Bondye se lanmò, lanmò Etènèl. E kanmarad sa rele "Lanmò," kidonk rete Iwen li. Kisa l ye? Yon sistèm òganize, òganizasyonèl; premye an, nimewo en, legliz, òganize, epi lè l te pran konprann Constanten an-an, nan Konsèy Nise a.

216 Nou te mennen fanm sa yo, yè swa, epi te montre kijan ke Èv, premye epouz la, anvan mari l te janm rive sou li, li te tonbe, nan pa kwè Pawòl Bondye nan Edenn. Epouz espirityèl la ki te ne nan Jou Pannkot Kris la, anvan Li te ka rive sou li, kisa k te pase? Li te tonbe, a Wòm. Kisa? Te bay vèti l de Pawòl la vag, pou dògm. Amèn. O la la!

217 Mwen-mwen-m santi eksitasyon ap vini sou mwen ankò, wi, mesye, nan panse ke sa se...M pa vle aji an moun fou. Se pa sa m vle. Men m jis...Nou pa reyalize kisa sa fè m. M te chita nan sa a pandan kat jou kounye a. Jis...epi m jis g on bagay pou m di, on jan fè m santi m imen ankò. Nou konn sa m vle di. Ya. Trè byen. Kòmanse pale kon sa, epi ou wè vizyon ap louvri toupatou. Se vre. Ou wè, se pou rezon sa a m di yon bagay pou fè tèt mwen tounen ankò, epi sekwe m tounen ankò. Ou wè?

218 Èske n te janm remake m lè m g on liy disèneman? M ap di yon bagay, ap fè moun ri; apresa m ap di yon bagay, fè moun kriye; apresa m ap di yon bagay, fè yo fache. M detekte yon bagay. Epi m ap di yon bagay, pou wè kijan sa pran, apresa m wè ki kalite limyè ki anlè yo, kisa k pase. Lè sa a m konnen kote l ye, epi m konnen si L ap rele oswa non. Si l pa fè l...Yon kwayan otantik, chita la a, dakò. Ou rele yo, apresa, di: "Oumenm, *Entèl entèl*." Ou wè.

219 Epi lè w desann, Lespri kòmanse wenn, apresa kòmanse wè flach sa a ap vin tout kote, ou wè, kon sa, nan viwonn, viwonn sal la. Kidonk, se pou rezon sa a mwen di yon bagay, on jan kòmanse dèyè ankò, rekòmanse ankò, ou wè.

220 Depi dimanch pase, m jis chita nan yon chanm, jis ap lapriyè, se tout, epi anba onksyon an. E m konnen Se vre. Nou kwè Bondye. M konnen nou kwè L. Jis gade nan fen semèn lan. En-en. Ou wè? Ou wè? Trè byen. Ou wè?

221 Kounye a, lanmò vle di separasyon Etènèl ak Bondye. E sonje, kounye a, sen pa mouri.

222 Sonje, epouz li te resevwa yon chwal koulè pal...M vle di, kavalye sa a te resevwa yon chwal koulè pal, pou-pou l avanse avè l. Li te resevwa chwal koulè pal sa a-sa a, pou avanse avè l. Epi l te monte chwal koulè pal sa a, de lanmò. Kounye a nou konn sa sa te ye. Nou konn ki legliz sa te ye.

223 E sonje, nan yè swa, li pat sèlman yon "pwostitye," li te "manman pwostitye yo."

224 E nou dekouvri, ke sa k te fè l yon pwotitye, se te, yon fanm ki se kategori fanm sa a. M jis...S on mo plat atè, pou di nan mitan yon oditwa miks. Men Bib lan di sa, nou wè. Kidonk,

alò, nou reyalize ke s on-s on fanm ki viv endifèl ak ve maryaj li. E nou wè, li sipoze ye, di tèt li, rele tèt li: "Renn Syèl la." (Se t ap Epouz Bondye a. Bondye se Kris.) E nou jwenn ke l ap komèt fònikasyon, e li lakòz wa sou latè yo komèt fònikasyon, ak tout mesye rich yo, ak gwo moun yo. Tout latè a t al dèyè l. Ou wè?

225 E apre nou dekouvri ke li te pwodwi kèk pitit fi, e yo te dè jennès. Kisa k yon jennès apa yon pwostitye, menm bagay la; yon fònikatè, fònikasyon, mal, adiltè, ap komèt. Kisa yo te fe? Te òganize, te g on sistèm, te anseye sistèm ki fèt pa lòm, Pannkot ak tout gwoup la!

226 Kounye a, pa kite konsyans nou-nou tonbe nan pòch nou, Pannkot. Kite m di nou on bagay. Ann gade bagay la dwat nan fas li. Nou twò ta anba nan wout la kounye a, pou n al tire kout pwen. Gad isi a.

227 N ap viv nan Laj Legliz Lawodise. E se te laj legliz ki pi ridikil nan tout rès yo, youn ki tyèd, e sèl gress lan ke Kris te sou deyò li, ap eseye retounen antre. E sa se mesaj Pannkotis ki ale, te di: "M rich!" Gason, ou te pòv, anvan. Kounye a ou vrèman vin rich, ou wè. "Pa bezwen anyen!" Epi-epi, o, kisa w te ye!

228 Li te di: "Ou toutouni, mizerab, avèg, pòv, malere, epi w pa menm konn sa."

229 Kounye a, si yon nonm te toutouni, deyò la a nan lari a, epi te konn sa, pouki, li t ap eseye ede tèt li. Men lè l-lè l pa konn sa, epi w pa ka di l anyen ki diferan, alò li nan on move eta. Bondye gen pitye pou li. Se vre. Remake. O la la!

230 Koulye a, sonje, antikris sa a, li menm, antan ke yon nonm; madam li, ki se legliz li, "yo te ba l yon tan pou l repanti, epi l pa t fè l," nan laj legliz sa a, Tiyati. Ou ka raple w li? Ou ka raple w ...?

231 Bon, ann tounen jis yon minit. Sa pap fè anyen pou n tounen jis yon minit. Ann tounen, pou 2èm chapit la, jis yon minit. Nou pral jis li l, 2nd chapit nan ... kounye a, Tiyati. Koulye a, swiv sa a, jis prese prese koulye a . Oh lala, nou jis rive sou lè pou klotire, epi nou pat ko menm kòmanse. Men, remake, Tiyati. Koulye a, li kòmanse nan vèsè 18 nan-nan 2yèm chapit la. ... ekri a lanj lan (sa a se mesaje a) legliz Tiyati; Bagay sa yo Fis Bondye a di, ki gen je l tankou flanm dife ... ak pye l yo tankou bél kalite kwiv; M konn travay ou, ak byenfezans ou, ak sèvis ou, ak lafwa w, ... pasyans ou, ak zèv yo; epi ki dwe pi plis pase ... e dènye a ki pou plis pase premye a. Malgre tou m gen kèk bagay kont ou, paske w kite fanm Jezabèl sa a, ...

232 Se la a w ye. Ou konnen l, nan Bib la. Li te madanm Akab. E men fanm lan, legliz, Jezabèl, madanm fo pwofèt la, ki ta dwe sipoze vrè pwofèt Bondye a, ki se Pap la; vrè, otantik pwofèt la ak madanm li, Jezabèl. Koulye a, Akab te sipoze yon jwif otantik, men li te yon koken, ou

konn sa, paske madanm li jis mennen I nepòt fason I te vle. Nou jwenn ke, Jezabèl pran lajan I, li mennen yo jan yo vle I, tou. ... ki te rele tèt li yon pwofetès, ( Ou konprann?), Pou anseye e ... soumèt sèvitè m yo (ou wè, ke ansèyman Jezabèl la jis baleye peyi a) poukomèt fònifikasyon ak ... manje bagay ki sakrifye a idòl yo. ... Mwen te ba I tan pou I repanti (ou wè?) pou fònifikasyon I yo; epi I pa t repanti.

233 Gade vèsè kap vini an. ... Mwen pral mete I sou yon kabann (sa a se lanfè), ak moun ki komèt adiltè avè I nan grann tribilasyon an, ... (Sa a pral nan grann tribilasyon an. Se pa Legliz la, kounye a.) ... sof si yo tounen vin jwenn Bondye nan zèv yo.

234 Koulye a, atansyon, la a. ... Mwen pral touye pitit li yo (pwostitye yo) de lanmò (lanmò espirityèl ); ...

235 Ou kwè l? [Kongregasyon an di: "Amèn." - Ed.] Sa a se Pawòl la. "Mwen pral touye yo de lanmò." Men, si yo touye yo, yo pral separe Etènèlman. Dakò. Sonje, Li te ba I yon tan pou I repanti.

236 Laj Tiyati te laj la tenèb. Kavalye chwal nwa te galope nan tan sa a, lè tout mès et tout bagay te dwe fèt pou lajan, priyè yo, epi-epi priyè yo, elatriye. Koulye a, gade chwal nwa I la, kidonk, apre I te refize repanti nan Tiyati, (se kisa?) Chanje chwal li soti de yon chwal nwa a youn ki pal, lanmò, pou dènye ministè I.

237 Koulye a, m ta ka jis bay moun yon ti sekous isit la. Pou refize Bondye, pou refize apèl Bondye a, gen de fwa ou pral fè I yon dènye fwa. Epi, jis tankou legliz la te fè I la, epi se fini. Bondye, ki pasyan, pa pral toujou nan lit ak lòm. Ou wè?

238 Epi lè I te refize I, epi I te refize aksepte I, apre sa li chanje, el te ale ... Epi, koulye a li te gen yon non ke yo rele "lanmò," separasyon. Bondye te di, "M pral menm pran pitit li yo, Pwotestan yo, e yo tout m pral touye ak separasyon etènèl." Men kote w ye, Laj Tiyati, laj tenèb la. Chwal nwa I la kounye a chanje pou lanmò, pou dènye ministè I.

239 Ou wè ki jan laj legliz yo melanje ak So yo? Jis pafè. Epi nou konn se sa. Sentespri a pa fè okenn erè. Li te ban nou yon konfirmasyon remakab, la fwa dènye, lè nou te fin ak laj legliz la laba a, ou konnen.

240 Gade lanmou e pasyans Bondye a! Anvan L te rann jijman sou li, Li te ba I yon tan pou I repanti. Epi se nan Non Senyè a mwen di sa: Li bay legliz Pwotestan menm bagay la tou, epi li pap fè I. Mesaj la te souke tout kote, epi I pa pral fè I. Li pral gen pwòp dògm li yo ak kredu yo, sa pa deranje m kouman w eksplike I.

241 Tankou m te di la a nan Chicago, lòt jou a, devan lestrad la gen plis minis pase gen moun ki chita isit la a! Epi, yo ta pral konfronte, sou Doktrin nan, semans sèpan an ak tout lòt bagay sa yo. M te di, "Nenpòt moun nan - pran Bib ou, epi vin la a kanpe bò kote m alòs." Epi pèsonn pat di anyen.

242 Tommy Hicks te di, "M—m pat janm tande sa anvan, Frè Branham. Mwen vle twa san nan bann sa yo. M pral voye yo bay tout minis mwen yo."

243 Te gen anviwon senkant, oswa swasann-kenz, ki te di, "M ap desann la a pou m rebatize." Eske yo te vini? Pa menm youn ladan yo. Poukisa? Li ba yo tan pou yo repanti! Apre sa, li pral kite pitit ou yo mouri, yon lanmò espirityèl.

244 Nou pral reprann sa demen swa, si Seyè a vle, oswa samdi swa, sou fleyo sa yo ki pase. Siveye sa kap pase la a.

245 Tankou I te bay peyi Lejip la, li te bay peyi Lejip yon tan pou I repanti. Epi se kisa dènye sa a te ye? Se te lanmò.

246 Sa a se dènye fleyo ki frape legliz pannkotis la, se lanmò espirityèl. Li mouri. Sa se nan non Seyè a. Li mouri espirityèlman. Li ba I yon tan pou I repanti, epi li rejte L. Kounye a li mouri. Li pap janm leve ankò.

247 Epi moun yo la ba a, ap eseye mennen Episkopalyen yo ak prèt yo, elatriye, ap rele yo, "Sen Pè entèl." Poukisa, yo ta dwe wont tèt yo. Kouman lòm ka avèg! Èske Jezi pat di? Lè vyèj andòmi a to te vin achte lwil, li pa t jwenn li!

248 Nou tout, nou tande moun di, "M te resevwa Sentespri a. M te pale an lang. " Men, yo pa vle vin nan yon legliz konsa. "Oh, ou konnen, m pa kwè mwen vle al yon kote konsa." Apre sa, ou di w te resevwa Sentespri a?

249 Men ou vle fason diy ou yo. Ou vle rete nan Babilòn epi pou toujou jwi benediksyon syèl la. Ou dwe fè chwa pa w. Ou pa ka rete deyò a nan mond lan epi sèvi Bondye an menm tan. Jezi te di ou pa t kab sèvi Bondye e Mamon. Konsa, si w pa pral atann...

250 Si w reyèlman sove, ou pral renmen reyinyon kote Sentespri a ap konfime tèt li epi ap montre ke Pawòl Bondye se sa.

251 Yon moun te di: "Moun yo fè twòp bri. Sa fè m nève. " Ou pral nève si w ta rive nan syèl la. Epi ou va jis panse, kan yo tout pral la anmenm tan Alòs kisa sa pral ye? Oh lala! Kouman Seyè a vle gen...

252 Li pasyan, tankou L te ye nan tan Noe a. Li te eseye fò. Li te soufri lontan, pandan san ven lane, pou ke yo repanti. Yo pa t vle fè I.

253 Nan tan Lejip la, li voye lapèst ak tout lòt bagay. Yo pa t vle fè I. Li voye Jan. Yo pa t vle retounen.

254 Li voye Jezi, pou I mouri, pou I sove gwoup sila ki ta tande Pawòl la.

255 Epi koulye a, nan dènye jou yo, Li te pwomèt ankò ke I t ap voye yon mesaj pou fè I sòti, epi retabli lafwa orijinal la nan li, pou retounen nan Pawòl la. Epi yo pa pral resevwa I. Yo tèlman dogmatik, nan dogm yo ak kredo yo, jouk yo pa vle I. Oh, yo panse si yo te gen yon ... si yon zanj te desann; men Bondye pa fè sa.

256 Li pran yon bagay iyoran epi estipid, yon bagay ki apènn konn ABC I oswa-oswa anyen menm. Epi apre Li pran kalite moun sa a, paske li ka pran yon bagay ki pa anyen e, travay avè I. Osi lontan ke yon bagay panse ke I se yon bagay, Lè sa a, li pa ka fè anyen avè I. Li te toujou fè sa. Ou dwe vin anyen, pou ka vin yon moun ak Bondye. Oh, lala!

257 Remake, ankò, "Li te ba I yon lè pou I te repanti, men li pa t fè I."

258 Li te fè I ankò; li pap fè I. Rejè I la, yon fason, fè I, oswa, rejè I la kreye yon chemen pafè pou ke Satan antre nan li epi pou enkane I. Se vre. Enkane tèt li dwat nan li, paske I rejte Pawòl la. Epi se egzakteman menm bagay ke legliz Pwotestan an vin tounen, yon pwostitye, se paske li rejte verite konfime Pawòl Bondye a, se sa ki bay dyab la yon kote pou I antre epi enkane tèt li. Apre sa li pral fè yon imaj bèt la lè yo fizyone yo ansanm, la ba a nan moman sa a, epi ap fè jis ekzakteman sa I te di a. Se sa. Amèn.

259 Si m te gen yon edikasyon, m ta ka fè I sòti mye. M pa t gen okenn edikasyon. M jis ap tann Sentespri a revele I a oumenm. Apre sa li pral, bay moun ki ... Se vre. Li pral fè I. Wi. Remake.

260 Gad ki jan, kisa I te fè isit la. Li te rejte mesaj Bondye a pou I repanti. Li te kòmanse, yon antikrist, e se sa I te ye. Li vin, yon fo pwofèt, yon demon enkane, epi, lè I te fèl, ak fo ansèyman li a. Apre sa, nan tout bagay sa yo, Bondye ba I yon delai pou I repanti, te eseye genyen I.

261 Gade jan I pasyan? Ala yon bèl lanmou! Pa gen lanmou konsa! Gade sa yo, menm ak krache sa a nan figi I ak bagay sa yo, Li te padonnen yo. Se Bondye, Ou wè. Penga w ...

262 rejte mesaj Bondye a! Gade, yo te mande I pou I repanti, retounen kote I te tonbe a.

263 E ki kote I te tonbe? Pawòl la. Se sa. Ki kote Èv te tonbe? [Kongregasyon an di, "Pawòl la." - Ed.] Pawòl! Ki kote denominasyon an te tonbe? ["Pawòl la."] Se la w ye. Ou wè? Pa gen

lòt fason. Jis, chak fwa, retounen dwat nan Pawòl la, tout dwa nan Pawòl la. Ou wè? Apre sa, yo antre nan yon sistèm ki fè yo kouri Iwen Pawòl la, kouri Iwen Pawòl la olye nan Pawòl la. remake.

264 Gade, yo te ba l yon delè pou repanti, pou retounen. Repanti vle di "tounen, vire tounen, fè demi tou." Repanti, "retounen." Epi yo te ba l yon delai pou l retounen kote ke...

265 Koulye a sonje, li te orijinal la, Legliz pannkotis ke Sentespri a te tonbe sou li a, nan Jou Lapannkòt la. Konbyen etidyan Labib ki konn sa? Se vre, se sa l te ye. Gade kote l te soti? Li te kite Pawòl la, epi aksepte dogm. Li espere ... Olye de Sentespri a, li te vle yon Sentòm, "Doktè LL., Ph., QU" Apre sa te fè l yon Pap. Ou wè? Sèten. Men, limenm, se sa l te vle, yon moun pou fè priyè l. Yon moun ... Li jis bay lajan l, e se tout sa l te dwe fè. Ou wè?

266 Kounye a, se menm bagay la jodi a. Jis osi lontan ke yo te gen yon ban pou yo chita, mete gwo lajan nan plato la kolèt, se deja ase. Yo se manm legliz sa a. Pa di yo anyen ankò sou Li; yo pa vle konnen. Sa a se pitit fi l yo.

267 Kounye a, ki kote l te tonbe? De Pawòl orijinal apòt yo ak pwofèt yo. Se la a li te tonbe. Se la Pwotestan an te tonbe.

268 Repanti! Retounen! tounen anvan l twò ta. Li po ko twò ta. Youn nan jou sa yo ti Ayo a pral kite plas li, e Lè sa a, tout bagay fini. Se konsa ya p mande pitit fi l yo kounye a, avan ke yo te jije avè l, pou "retounen fè bak."

269 Koulye a, dènye mesaj yo resevwa a, se lè pwofèt sa ke m te pale a. Sèke, M te li anpil liv sou li. Apre sa, m konnen ke reyèl, bon, sansib, moun ki gen panse espirityèl konnen ke sa a ap vini. Yo konn sa. Yo konnen l ap vini, ou wè. Yo ... Men, pwoblèm nan, sèke, yo kontinye di, "Nou bezwen l. Sa pral fèt." Epi lè sa rive, ke yo pral tèlman enb; yo pral pwobableman rate l jis tankou yo te fè l la fwa pase a. Se sa. Moun pral ekri sou li, ak tout bagay sa yo, li di, "Oh, wi, sa dwe fèt.", apre ke l te demonstre devan yo menm, epi yo jis kontinye menm jan an, ou wè. Ki donk, yo toujou fè sa.

270 Gade kounye a, Pawòl orijinal la. Yo re- ... yo ... Li dwe repanti, pou retounen, ankò, se sa ke yo te mande pitit fi l yo. Pou fòse yo ... yo pral jije yo, e jete yo nan menm kabann lan epi pou touye yo avè l. Yo te mande yo pou retounen a Pawòl orijinal la, retounen a Doktrin apostolik la. Men, yo tèlman atache ak kredo e bagay sa yo, yo pa pral fè l. Yo sèlman pase l nan betiz.

271 Lè sa a, kisa yo fè? Yo finalman fòme yon imaj a bèt la, yon lòt pouvwa; remake, epi aji, ak Epouz Ayo a, jan l te fè l nan Apokalips 13:14. Se sa yo fè, jis pèsekite, jis menm bagay la.

Legliz yo pase epouz Kris la anderizyon nan menm jan ke Wòm te fèl la. Jis egzakteman. Wi mesye. Aji ak— vrè Epouz Ayo a jis egzakteman jan I te fè I nan Apokalips 13:14.

272 Koulye a remake. Nou wè, pa Pawòl pwomès Bondye a, Li pral-Li pral touye pitit li yo, denominasyon yo, pitit fi l yo, avèk lanmò espirityèl. Koulye a, sa a se Apokalips 2:22. Pa blyi sa. Touye, se bay lan mò. Epi lanmò se "separasyon etènèl ak prezans Bondye." Reflechi sou sa, zanmi. Reflechi sou sa. Penga w mete konfyans ou nan okenn kredo lèzòm fè. Nenpòt bagay ki kontrè ak Pawòl la, kanpe lwen de sa.

273 Koulye a gade, gade nan Bib la la a. Li di ke non I se lanfè, epi ... M vle di: ... non I se lanmò, epi lanfè te swiv li.

274 Koulye a, lanfè toujou swiv lanmò, nan le natirèl. Lè nomm natirèl la mouri, lanfè swiv li; sa a se kavo a, adès, ou wè, sa se nan le natirèl. Men, nan espirityèl la, se Lak dife a, ou wè, se sa, nan separasyon Etènèl, kote y ap boule nèt.

275 Epi - epi Malachi 4 te di, "Pa menm kite yo ak pay, oswa branch, oswa okenn lòt bagay." Se fason mond lan gen pou I pirifye tèt li ankò, pou Milenyòm nan. Ou wè?

276 Èske w remake, kavalye a se yon "mal"? Epi "li" te gen nan men "li"; "Nom," fo pwofèt. Men epouz li a yo rele legliz la, "femèl," Jezabèl. Akab; Jezabèl. Poukisa, li jis osi pafè ke nenpòt bagay la. Ou wè? Ou wè?

277 Pitit fi yo se "femèl," tou, men pa janm gen lidèchip yon sèl nomm; Pwotestan yo, pou sa, men yo toujou pwostitye nan prensip, nan doktrin yo, denominasyon, sistèm yo. Se jis ... Se sa I di.

278 Remake. A kisa tout sa ap mennen? Koulye a, nou jis te gen environ douz, katòz minit isit la, m imajine. Gade a kisa sa ap mennen. Kisa l ye? Li pral retounen fason te ye a, e li te kòmanse nan syèl la. L ap vin nan batay fen-tan an.

279 Tou dabò, nan syèl la, te gen yon batay. Yo te chase Lisifè, e l te vin sou tè a. Apre sa, li kontamine Edenn lan; epi li te vinn polye depi lè a. Epi koulye a, soti nan batay nan syèl la, li tonbe nan batay sou tè a; epi l dwe fini avè l, sou tè, nan fen tan an, nan yon batay ki rele Amagedon. Koulye a, nenpòt moun konn sa. Batay la te kòmanse nan syèl la, sen, e konsa yo te mete l deyò. Michael ak zanj li yo te ranvèse l, yo te kouri soti. Epi lè yo te fè l, yo te lage yo tou dwat nan jaden Edenn lan, e la batay la desann anba a e te kòmanse la a. Te rankontre...

280 Bondye te fòtifye pitit li yo pa Pawòl li a. Epi Èv te soti kou l, deyò, li te di, "M kwè ke w gen rezon, petèt." E se la ke sa te kòmanse. E l te konsa, depi tout tan. Apre sa Bondye desann, e kounye a, li te dwe ... Li desann vin rachte sila yo ki ta vle desann.

281 Kòm m te di a, Bondye se tankou yon gwo kontraktè. Li mete tout materyèl li yo sou tè a, epi apre sa li bati biling li yo. Koulye a, sonje, anvan te gen yon gress- semans sou tè a, anvan menm te gen yon solèy pou frape tè a, kò w te depoze sou tè a, paske w se pousyè tè a. Ou wè? Ou se. Bondye se kontraktè a.

282 Koulye a, fason l te pral fè l, se te rive desann epi pran (tankou l te fè Adan) yon ti ponyen kalsyòm, potasyòm, ak limyè cosmic, ak, "fyou!" Li di, "Men lòt pitit gason m nan." Ou wè? Apre sa, Li ta pran plis ankò, epi, "Fyou!" "Men yon lòt ankò."

283 Men kisa Èv te fè? Li kòwonpi fason sa a. Epi li mennen l atravè yon zak seksyèl, epi lanmò frape l.

284 Bon kisa Bondye ap fè? Li te gen anpil nan semans sa yo anba la a, ki te predestine; yon bann, predestine yo. Ebyen, nan fen tan an, Li pa pral di, "Ev, vin fè yon lòt pitit." Li pral ("Fyou!") Rele, epi m pral reponn. Se tout. Se sa. Se sa ide a ye. Kan dènye gress nan finn pa antre, sa regle kesyon an.

285 Koulye a, batay la te kòmanse nan syèl la. Li pral fini sou tè a, sou fòm Amagedon.

286 Koulye a ann siveye epi wè l kap deplwaye. E petèt nou ka deplwaye l. Seyè ede nou kounye menm pou n fè sa touswit. Gade l ap dewoule.

287 Kavalye misterye a, gad sa l fè kounye a; "Opoze," te refize repanti epi pou retounen nan Pawòl san orijinal la . Pawòl la te fè l san ak chè. Ou wè? Li te refize retounen a Li. Se antikris la! Vrè Epouz Pawòl la, se lopo - ... li te opoze ak vrè Epouz Pawòl la. Pran pwòp epouz li a! Li opoze a vrè Epouz sa a, tou. Epi li pran pwòp epouz li, li pote l ba li, sou fòm reliyion yo rele credo yo ak dogm yo. Ou wè? Epi, koulye a, lè l wè Epouz ki sen an, li kanpe kont li. Men, li fòme pwòp epouz li, ki rele antikris, pa yon ansèyman antikris, ki se kontrè ak Kris la. Ou wè kijan l malen? Epi, koulye a, olye pou yo gen yon inite nan lanmou, ki kontwole, ki adore anba san an, li te gen yon denominasyon. Olye pou l te gen Pawòl la, li te pran credo yo, dogm yo, elatriye.

288 Konsa, epi Pwotestan an di, "Kredo Apot yo." Mwen vle w jwenn yon mo ki pale de sa nan Bib la. Apot, pa gen okenn Kredo Apot 'nan Bib la.

289 Kòm m te di isit la, kounye a, pa gen lontan de sa, oswa yon kote. Si apot yo te gen yon credo, se Akt 2:38. Se Jis egzakteman tout sa m konnen l te genyen. Se sa yo te mande tout

moun pou yo fè. Lè I te jwenn youn nan yo ki te sanble yon kretyen, li te di, "Èske w te resevwa Sentespri a depi w te kwè?" Li te di, "Nou pa konn si gen ..." Li te di, "alòs ki jan w te batize?"

290 Kounye a, ke yo te batize nan non Jezi, oswa nan non Seyè Jezikri nou an, pito, Sa a, se trè byen, men se pokò tout bagay la sa. Non, mesye. Ou te ka batize senkant fwa, konsa, epi sa pap fè anyen ki bon jiskaske kè sa a chanje pa Sentespri a. Sa dwe ale ansanm. Remake, li se-se Kris la!

291 antikris la refize doktrin vrè epouz la, e se poutèt sa li pran pwòp epouz la kounye a epi bati I, anba pwòp kredo li. Li pran pwòp epouz li, li fè l' yon denominasyon! Li akouche lòt denominasyon, jan ke ekriti sen yo di I la; li akouche anpil pitit fi. Epi li pap ... Li vin jis tankou manman I, natirèl, monden, denominasyonèl; nan opozisyon ak lepouz espirityèl la, Pawòl la.

292 Yo pa di ke yo pa fè pati legliz. Wa p pale ak yon moun nan denominasyon. " Se sèten, m fè pati legliz la." Èske w se yon kretyen? "M fè pati legliz la!" Sa pa gen anyen pou wè ak sa! Yo di ... Ou pa fè pati yon leg- ... Ou, ou ta ka fè pati de sa yo rele yon legliz, ou wè, fè pati yon legliz. Sa pa yon legliz. Yo pa legliz. Yo se lòj kote moun reyini ansanm, e moun tankou, "zwazo menm plim."

293 Men ou se yon sèl legliz, e se kò mistik Kris la. Epi ou pa rantre nan sa. Ou fèt ladann.

294 Tankou m te toujou di, m te avèk fanmi Branham nan sa fè senkant-twa lane, e m pat janm rantre ladann. M te fèt ladann. Ou wè?

295 Bon remake. Li jis tipifye trè byen. M-m te gen yon ... ekriti note la a, men mwen ... nou pap gen tan rive sou li; tankou Ezayi ak Jakòb.

296 Ebyen Ezayi te yon nomm reliye. Li pa t di I se yon kwayan. Li te kwè nan menm Bondye ak Jakòb, menm Bondye ke papa I. Men, li te jis yon eskwo, oswa eskize m ekspresyon an, jis ... Li te jis pa bon. Li-Li te, kounye a, pa rapò a sa ki pou fè valè moralite, li te reyèlman montre ke I te yon moun ak yon pi bon moral pase Jakòb. Men, ou wè, li pa t 'panse ... "Oh, ki sa ke dwa denès lan gen pou wè avè li?" Li vann Jakòb dwa denès li a. Ou wè?

297 Men, Jakòb, pa t gen pakèt bann bagay tankou Ezayi. Li pat gen eritaj ke I te genyen an. Men te gen yon bagay Jakòb te vle, se dwa denès lan. Li pa t enterese konnen kijan I tap fè pou I genyen I; li ta pral genyen. E Bondye te gen respè pou li.

298 E, alòs, se menm bagay la jodi a, ak lòm natirèl la, lespri chanèl, lespri-monden. "Ebyen, mwen fè pati legliz leta a. Mwen fè pati legliz sa a. Mwen fè pati de sa a. " Sa pa gen anyen pou wè avè I, anyen menm.

299 Gade, rasanble yo ansanm kounye a sou chwal koulè melanje I la. L ap rasanble yo ansanm, sou chwal koulè melanje I yo, paske I te gen pouvwa politik.

300 Ou pa kwè li genyen? Ki jan Prezidan sa a te jis antre kounye a? Ki jan sa te rive derape? An-han! Vin la a pou libète reliyion; epi nou menm bann demokrat sa yo ki ta vann dwa denès nou bay politik! M pat gen ... pati Demokrat la kòrèk; yo tou lè de pouri. M ap pale de Krisyanis. Men ou vann dwa denès ou, pou yon vòt demokrat, pou fè yon bagay konsa monte sou pouvwa. Ou pa Wont!

301 Èske w pa reyalize ke nasyon sa a, egzakteman, se yon modèl pèp Izrayèl la? Kisa pèp Izrayèl la te fè? Li rive nan yon peyi etranje, li pran abitan yo, li touye yo, li antre, li pran peyi a. Se sa nou te fè; Endyen yo. Yo se sèl vrè Ameriken ki genyen, se zanmi Endyen nou yo.

302 Apre sa kisa yo te fè? Izrayèl te gen kèk potorik gason. Premye bagay ou konnen ... Yo te gen David, epi yo te gen Salomon. Yo te gen de gran zòm. Epi finalman yo te gen yon rebèl anwo a, Akab, ki te marye ak yon Jezabèl, yon enkwayan.

303 Bon, se menm bagay la nou te fè. Nou te gen yon Washington e yon Lincoln, men gade sa n te gen kounye a. Epi vrè bagay la sè ke, li marye, el soule epi enrásine pwofondeman nan Jezabèl. Li ta ka yon bon jan moun, men li pral fè biznis. Epi w wè I kounye a, tout fanmi an ap antre.

304 Kisa Sentespri a te di m, anviwon trannsenk an de sa? Epi nou tout asyen yo konn sa, de sèt bagay ki ta rive lè I te di I anvan. E sa a se dènye a, avan dènye a, ap vini. Tout lòt bagay frape jis egzakteman nan bon moman an, pou lagè yo ak tout lòt bagay yo. Ou wè? Epi koulye a menm li nan men, yon fanm, pou dirije nasyon an. Jezabèl! Ou wè?

305 Men, sonje, nan epòk Jezabèl la, gen yon moun ki te vrèman di yo koulè yo. Ou wè?

306 Rasanbleman an, sou chwal koulè melanje yo a. Epi, gade, li rasanble bagay sa a ansanm, melanje ak kredo, denominasyon, doktrin lèzòm fè. Èske se pa vre? [Kongregasyon an di, "Amèn." - Ed.] Sèten, yon koulè melanje, koulè melanje lanmò, chwal koulè pal mond lan! Koulye a, se vre. Koulè melanje lanmò yo, fòm monden chwal pal la, oh,lala, pa gen San sen Pawòl la, ditou!

307 Epi gade. Pati nan kwen ... "Pati de kat kwen tè a, yo rasanble yo; rasanble yo pou Amagedon, "Bib la te di. M ap eseye panse a ekriti a, jan m te note la a. M pa raple m yo; men jis kote m te ekri a, gade sa yo ye. "Rasanble yo ansanm, pou gran jou batay Seyè Bondye a." Ou wè. Koulye a, sou chwal koulè melanje, monden, pal, malad sa a, jis panse a sa; ou konnen, sa se yon move bagay. Koulye a gade kote I rasanble yo, "pati de kat kwen tè

a." Yo rasanble kounye a pou konfwontasyon an. Konfwontasyon an pral fèt nan "Amagedon," dapre Pawòl la. Ou wè?

308 Sou chwal pal la, ap galope I, ak yon "mò" kole, oswa, ak yon non kole sou li, "lanmò," antikris la! Tande. Antikris, premye denominasyon (Sa a pa ka diskite); avèk Jezabèl li a, yon pwostitye Pawòl la; avèk pitit fi li yo, avèk limenm, Pwotestan yo; rasanble yo ansanm kounye a nan inite!

309 Eske w te tande moun Batis yo ki tap pale lòt jou isit la, ou konnen? Han? "Oh, nou pa pral afilye avèk yo, men nou pral-nou pral janti e jan an atroupe avèk yo. Nou pap oblige afilye a legliz yo a, men ..." Se la w ye. Se la a ou ye, jis ekzakteman ki sa Pawòl la te di. Ou wè? Ou wè? Ansyen pwostitye, pou kòmanse, ou wè.

310 Koulye a yo, y ap met tèt yo ansanm, y ap vin nan konfwontasyon sa a, nan Amagedon, ap galope sou yon chwal koulè melanje; yon chwal blan, yon chwal wouj, yon chwal nwa. Twa sa yo, diferan: politik- pouvwa politik, pouvwa espirityèl, kontwole pa pouvwa demon, ki se antikris la. Melanje tout sa ansanm, epi wap gen yon bagay pal, ki gen lè malad ke I monte sou li. Dakò. Koulye a, remake. Gade sou kisa I monte, chwal ki gen lè pal la, ki gen koulè tire sou gri, ki melanje ak nwa, wouj, ak blan; ki vin nan batay la, rasanble sijè I yo ki soti nan tout nasyon anba syèl la! Èske Danyèl pa t'entèprete rèv la, epi li te wè ke tras fè a kouri nan tout wayòm, Wòm nan? Men yo vini, ap rasanble. Koulye a, chita trankil pou klotire, jis yon minit, epi koute ak atansyon.

311 Yo rasanble kounye a pou fè sa, lap mennen sijè I yo ki soti nan kat kwen ki sou latè a; ap monte on chwal ki pal, ki parèt malad, ak twa koulè melanje. Menm moun lan!

312 Kounye a, nan Apokalips 19, non sèlman lap pare kò I, men Kris ap pare pou rankontre I. Batay la pral cho epi fewòs. Kris, nan Apokalips 19. Kris rasanble pa L yo, pa nan kat kwen latè a, paske pral gon ti rès tou piti. Kisa Lap fè? Lap rasanble yo soti nan kat kwen Syèl la. Demen swa, nou pral pran, "nanm yo anba lotèl la," e nou pral wè si se vre, ou non. Kat kwen Syèl la; sou on chwal blan tankou nèj.

313 Li menm tou Li gon Non, se pa lanmò, men, "Pawòl Bondye a," Lavi. Amen. Li ekri la a, sou kwis Li, "Pawòl Bondye a." Sa se sèl Vi a, paske Bondye se sèl sous Lavi Etènèl ki egziste. Zoe! Pa vre? [Kongregasyon an di, "Amen." -Ed.]

314 E I make sou Li, "Lavi," pandan ke Lap monte on chwal blan; e isi a men on moun ki gen twa pouvwa diferan ki melanje, e ki rele "Lanmò". Lap rasanble delege terès li yo; epi Kris ap rasanble sijè L yo ki fèt nan Syèl la, sen L yo. Li gen "Lanmò" ki make sou li; Kris gen "Lavi" ki make sou Li.

315 Sa yo ki avè L sou chwal blan tou, e yo rele, "Eli yo anvan fondasyon mond lan." Amen! E yo fidèl a Pawòl la. Amen! Fiou! M renmen sa a. "Yo rele, eli, anvan fondasyon mond lan." Epi apre, yo fidèl a Pawòl la, pa pwòp chwa yo, tout stimile ak novo diven e Lwil, yap monte ansanm, yap vini pou rankontre I. Yo konnen ke Tonè yo pral bannou bagay la, trè byento. Nou wè?

316 Gade. Kijan I fè I? Alò, si Li se Pawòl la, e Non L se Pawòl la, alò Pawòl la se Lavi. Antikris la; Nenpòt bagay ki *anti* li "kont," alò *anti* li "kont" Kris la, Pawòl la. Alò, li dwe on kredo, ouben on denominasyon, ki kont Pawòl la.

317 Eben, m pa wè kijan nou ka manke I. Si ou-si ou konprann li, kijan ou ka manke I? M pa konn kijan ou pral fè sa.

318 E se vre. *Anti* se "kont." Èske se pa vre? "Retire de." Se sa I te ye. Lap monte chwal li ki melanje. Nou wè I la a nan Pawòl Bondye a.

319 Nou te wè I la a nan sèt aj legliz yo. La a Li tounen avè I nan So yo, Lap ouvri e Lap montre bagay ki pase nan laj egliz yo.

320 *Anti* se "kont" Pawòl la. Nou wè poukisa, kredo, poukisa nou tèlman kont kredo yo ak denominasyon yo? Paske yo kont Pawòl la. Nou wè?

321 La a nou wè Lavi ak lanmò ki rive nan lit final la. Chwal blan an, vre Vi a; chwal koulè pal la, ki melanje ak kredo. Yo wè bagay la ki rive nan-nan vre konfwontasyon an.

322 Kounye a mwen ta renmen di on bagay la a. Ou ka pa kwè sa. Men m verifye I, pou m si. Gon sèl koulè oriinal, e se blan an. Konbyen ki konn sa a? Gon sèl koulè oriinal. Tout lòt bagay melanje.

323 Kris sou on blan ki pi, on Pawòl san melanje, depi nan konmansman. Amen! Amen! Tout koulè yo tap blan, si pwodwi chimik pat melanje avè I. Amen! Glwa! Tout egliz tap kanpe sou Doktrin apostolik Pawòl Bondye a, e Bondye tap konfime L, si li pat melanje L ak kredo ou denominasyon. Men li.

Oh, Frè Evans, m santi m byen kounye a! Wi, msye. Wi, msye.

324 On sèl koulè oriinal, se blan an. Li pat janm-li pat janm melanje ak denominasyon ou kredo. Non, msye.

325 E sonje, sen L yo abiye ak rad blan, yo pa melanje ak denominasyon e kredo. Kounye a, nou reyalize ke denominasyon e kredo yo, se la a ke w jwenn koulè melanje sa a. Men Lap

monte sou koulè orijinal sa a. Koulè orijinal la sou pèp Li. E yo te plonje nan San an, ki netwaye rad sa a, e ki fè yo tounen lòt bò a. Nou wè? Se vre.

Sa yo ki te melanje, yo vin pal e yo pral nan lanmò.

326 Son move bagay, on pèvèsyon, pou melanje koulè ak blan; ou pèvèti koulè orijinal la. Pa vre? Si koulè orijinal la, sèl koulè a, se blan, e ou melanje on bagay avè l, ou pèvèti vrè kòz li. Amen. Pa vre?

327 Epi, lè, si Li se chwal blan an, e Li se Pawòl la; alò, pou melanje nenpòt ki bagay avè L, nenpòt ki credo, ajoute on mo a Li, retire on Pawòl de Li, sa vle di ou pèvèti tout bagay la. Oh, lala! Kenbe m ak Pawòl la, Seyè!

328 Verite ak erè! Oh, lala! Kèlkeswa jan l ka bon... Verite ak erè pa ka melanje. Li pa ka melanje. Se oubyen MEN SA SEYÈ A DI oubyen li fo. Kèlkeswa ki sen pè ki di l, Sen Bonifas, oubyen-oubyenachevèk Canterbury a; m pa konn kiyès ki di l. Si li kontrè a Pawòl la, son pèvèsyon. Li pap melanje. Ou di: "Men, nonm sa a fè..." Sa pa enterese m sal fè, kijan li sen, ou nenpòt kisa. Sa a se sèl Verite dirèk ke nou genyen. Okenn legliz, okenn credo, gen Verite a, si li andeyò de Sa a.

329 E montre m youn ki genyen L. Jis, m vle ou di m. Map pran on paj nan Bib mwen, e map montre nou on bagay. Nou wè? Jis nonmen l. Ou di: "Pankotis." Oh, lala! M fèk atrape panse sa de on moun ki la a. Se poutèt sa m di sa. Pito m kite sa, kounye a, paske m wè map manyen on kòd sansib la a. M pat vle-m pat vle blese w, men mwen-mwen te vle jis ou konnen ke m konnen sa w tap panse. Nou wè?

330 Sa yo ki fè melanj, yo vire (anti a) a lanmò. Yo pran koulè lanmò a, lè w melanje kèlkeswa sal ye a ak orijinal la.

331 Se tankou sa Kris di apwopo de gress moutad la. Byen ke, se li ki pi piti nan tout gress yo, men li pap melanje a anyen. Moutad pap melanje. Li son moutad otantik. Alò si w gen kantite fwa sa a, jis akwoche w a li.

332 Remake, Lavi te swiv kavalye sou chwal blan an, ki te Pawòl la, Lavi, konfime pa sen L yo ki resiste, ke L te gen avè L. Kounye a kijan batay la pral dewoule?

333 Jezi te di: "Moun ki mete konfyans yo nan Mwen, yo gen pou yo viv menm si yo rive mouri." Li te di: "Si w mete konfyans ou nan Mwen, ou gen pou viv menm si-menm si w rive mouri. E moun kap viv, epi ki mete konfyans yo nan mwen, yo pap janm mouri." Li te di tou: "Moun ki mete konfyans yo nan Mwen... Lap ba li Lavi Etènèl, Mwen gen pou m fè yo leve soti vivan nan lanmò nan dènye jou a." Sa se pwomès Ekriti Li.

334 Men Satan kap vini, avèk tout kat kwen latè a, avèk Pwotestan epi Katolik li-li yo, tout ansanm, ap vanse pou Batay Amagedon an. Ok

335 E men Jezi kap vini, kap desann sot nan Syèl la, avèk sen ki resisite, Pawòl konfime a.

336 Mwen di I, si Bondye pale, ouben L voye w, Li...Li-Lap apiye sa w di. Nou wè? Remake, si w son anbasadè ki sot nan Syèl la, tout Syèl la dèyè w. E Syèl la konsiste de Pawòl la. Uh-huh.

337 Remake, kounye a, Li vini avèk sen resisite yo, Li konfime ke Pawòl Li se verite.

338 Donk Satan konnen, alò, gwo twou san fon an pare pou li. Nou wè? Oh, lala! Alò ke lanmò an tap monte chwal koulè pal la, on melanj de kredo ak denominasyon, li tap swiv li, oh, lala, nan separasyon Etènèl ak Bondye. Se la a I mennen yo, nan separasyon Etènèl.

Kris tap mennen Legliz Li dirèk nan Laglwa, nan rezirèksyon an.

339 Remake vèsè 8 kounye a, jis la a... dènye pati vèsè 8 la, pandan ke nap fini, wè.

*...yo ba yo pouvwa...*

340 Kiyès ki "yo"? Nou wè? Trè byen. Antikris la rele I "Lanmò." "Lanfè swiv li." Gade konplo li ki an kat pwen.

341 Antikris, on chwal blan; li touye sou fòm lespri, kòm antikris; on mò espirityèl.

342 Nimewo de, on chwal wouj; li touye avèk yon nepe; on pouvwa politik, lè legliz ak leta te fè youn.

343 On chwal nwa; nanm yo, lè I tap bay doktrin li, e ke I te fè I la a avèk fònifikasyon I yo. E ke I te peze manje pa yo, avèk on... vann yo... sa yo te bay pou manje, sou balans lan, epi lajan, e ensidswit.

344 Katriyèmman, on chwal koulè pal; on separasyon Etènèl avèk Bondye. Kat ankò, nou wè. Oh, lala!

Lwanj pou Bondye!

345 Kounye a, dènye a pou nou fini. Pou sa yo... Èske nou gen... M depase lè a, men èske nap ban mwen on lòt dis minit? [Kongregasyon an di, "Amen." -Ed.] M resevwa tèlman apèl, jodi a, sou-sou sa mwen di isi a.

346 Vin tèlman gen fanatic ki kòmanse depi Eli, ke sa a jis... yo-yo atake sa a san rete. E nou ka... Eben, kite m... Ke Bondye ede m, ede nou wè sa map kontanple. Èske nou vle? Ann jis eseye, wè.

347 Kounye a, pou n fini, men pou sa yo ki pa kwè ke, dènye mesaje a pou laj legliz la, se pwofèt Eli, on moun ki gen onksyon sa a sou li.

348 Aprè lanmò... Gade. Aprè lanmò, de dènye aj legliz sa a... Kounye a, remake sak rive, nou wè. Aprè lanmò, kadav yo detwi pa bét sovaj. Nou konn sa. Donk, se vre. Sa a pou yo, tankou on tip Jezabèl.

349 Kounye a annou pran Apokalips 2:18 epi 20. M kwè ke nou li l kèk minit de sa. Pa vre? Wi, M kwè ke nou fèk li l. M note l isit la pou kèk... Wi. Epòk degradasyon moral la, se te pou sa. Nou wè kijan sa a te ye, kijan Jezabèl te antre. Kounye a, Jezabèl se legliz yo, legliz modèn sa a; pa Epouz la. Jezabèl, nan Ansyen Testaman an, se yon tip de legliz jodi a, dapre Pawòl Bondye a, nan Apokalips 2:18,20.

*...w'ap tolere fanm yo rele Jezabèl la k'ap pran pòz pwofèt Bondye li,...*

350 Ou wè? Èske se vre? [Asanble di: "Amèn."—Editè a.] Kounye a, li tipifye pafètman ak Jezabèl. Kounye a, premye an...

351 Nou te ka jis ban nou Ekriti apre Ekriti, ou wè, ke dènye laj la se yon Mesaj pwofetik pou Legliz la, pou rele yo pou yo tounen nan Pawòl orijinal la. Kounye a remake. Èske se vre? [Asanble di: "Amèn."—Editè a.] Malachi 4 te di sa, ak lòt, Apokalips 10:7, e ensidwit. Ou wè? Jezi Limenn te predi sa, san rete, san rete, san rete. "Jan sa te ye nan epòk Lòt," e ensidswit kon sa, san rete. Li anonse san rete.

352 Jezabèl se tip legliz modèn jodi a paske Katolik ak Pwotestan reyini ansanm kounye a. Pa gen-gen okenn mwayen pou chape l. Yo toude se denominasyon, kidonk se jis-se jis manman ak sè, se tou. Yo eksite epi nan diskisyon youn ak lòt, men yo se menm bagay la, toude pwostitye. Kounye a, m p ap di sa mwenmen. M ap site MEN SA SEYÈ A DI. Ou wè? Trè byen.

353 Kounye a nou remake, touye pa yon kòmandman Bondye, se te sa pou Jezabèl, yo te touye l paske Bondye te gen Jehu ki pou te desann la a epi jete l sot nan fenèt la, epi touye Jezabèl. E chen yo manje vyann li, (èske se vre?) vrè Jezabèl. [Asanble di: "Amèn."—Editè a.] Akab, wa l la, chèf li; chen te niche san l, menm jan premye Eli a te predi. Ou wè kote n prale, pa vre?

354 Poukisa? Premye Eli a te yon nonm rejte, pa legliz yo. Ni Jezabèl ni Akab te chèf legliz sa yo, legliz ak leta, tout ansanm. E Elize te revele Akab peche l yo, epi te kòmande tout legliz la pou l tounen al nan vrè Pawòl la.

355 Si se pa egzakteman sa dezyèm Eli a sipoze fè lè l vin jwenn legliz sa a nan jou sa a: "tounen restore Lafwa orijinal la"! M pa wè Kijan nap ka fè pou nye Sa. Retounen al nan vrè Pawòl la! Se vre.

356 Kounye a si n vle wè kò yo, ann vire isi a nan Apokalips 19, apre-apre Pawòl la touye yo. Kounye a, Pawòl la pral touye yo. Nou konn sa. Trè byen. Kounye a jis gade epi wè sa k rive lè Vini Kris, nan Apokalips 19, kòmanse ak vèsè 17 la.

*Apre sa, mwen wè yon zanj kanpe nan solèy la.*

357 Kounye a, sa se touswit apre, gad anwo isi a: "E rad Li te tranpe ak san. E L te rele WA TOUT WA, EPI SEYÈ TOUT SEYÈ." Nan vèsè 13: "Li rele Pawòl Bondye an." Ou wè? Kounye a, men Li se: "WA TOUT WA, E SEYÈ DÈ SEYÈ."

*Apre sa, mwen wè yon zanj...*

358 Kounye a gade. Li avanse.

*Yon nepe byen file t'ap soti nan bouch kavalye a. Se ak nepe sa a li t'ap frape nasyon yo...*

359 "Soti nan bouch Li," tankou sot nan bouch Bondye al nan bouch Moyiz. Ou wè?

*...Li t'ap mennen yo ak yon baton fè. Li...kraze-ze rezen yo nan moulen diven gwo kòlè Bondye Toupwisan an.*

E I te gen sou rad li yon non...sou janm li yon non te ekri. WA TOUT WA, AK SEYÈ TOUT SEYÈ YO.

*Apre sa, mwen wè yon zanj...*

360 Kounye a gade. Kounye a Li avanse, ap frape. Kimoun L ap frape? Jezabèl ak Akab li a, fo pwofèt.

*Apre sa, mwen wè yon zanj kanpe nan solèy la. Li t'ap pale ak tout zwezo k'ap voile anlè a nan mitan syèl la, li t'ap di yo byen fò: Vini. Nou tout, sanble pou gwo soupe resepsyón Bondye a.*

361 Li nouri bète sovaj yo ak zwazo yo avè yo. Kounye a gade bò isi a nan lòt chapit la isi a, de Liv Apokalips la. E, jis on minit: "Touye ak on nepe, e lanmò, e bète sou tè a." Ou wè? Legliz Jezabèl la, (vrè) kò li, zwazo ak bète sou tè a te dwe manje l. Jis egzakteman tankou Akab ak Jezabèl te ye, nan natirèl la, se konsa yo dwe ye, nan fòm espirityèl la, yon legliz. Èske n wè sa m vle di? [Asanble di: "Amèn."—Editè a.] Trè byen.

362 Eli se...O! Eli te pwofèt la nan epòk Akab ak Jezabèl, natirèl. E yo te pwomèt li pou fè menm bagay la, selon MEN SA SEYÈ A DI, nan Pawòl la, bay Jezabèl la, espirityèl; fòm Lespri ministè l la.

363 Gade. Eli, menm si l te kòrèkteman konfime fon, li pat ka fè yo tounen nan Pawòl la. Èske se vre? Menm si, Eli te eseye, ak tout bagay. Li te fè tout bagay. Li-li te montre yo siy ak bèl mèvèy; e yo te griyen dan nan figi l. Menm bagay la y ap fè ak espirityèl la isi a, ou wè. Li pat ka fè yo tounen nan Pawòl la. Sou milyon yo...

364 Kounye a koute byen, legliz, kounye a, noumenm ki g on tikras konfizyon sou sa.

365 Sou milyon yo nan mond lan, nan epòk Eli an, lè Jezabèl ak Akab t ap reye, nan-nan tip antitip jodi a; sotì nan lemonn antye, te gen sèlman sèt san ki te sove, nan predikasyon Eli an. Èske se vre? Se egzakteman sa.

366 Gade, Eli pat janm menm konnen ke youn nan yo te konsa. Li te panse ke li te sèl moun ki te sove, jiskaske Bondye te louvri youn nan So yo epi te montre l mistè a nan Liv la, ke Li te gen sèt san ki pat janm koube devan kredo sa yo ke yo te genyen. Lè Bondye te louvri Liv Li pou Eli, Li te di: "Kounye a tann on minit, pitit gason m. M gen sèt san ki plwaye kò yo nan viwonn, deyò la a, ki gen non yo sou Liv la depi fondasyon mond lan. Yo pou Mwen." Fiouw! Bondye te louvri So yo.

367 Se pou rezon sa a m panse ke Jan t ap fè anpil rèl lòt jou swa a. Li dwe te wè non l La a, nou wè. Ou wè?

Yon jou Bondye te louvri...

368 Elize, li te preche. Li te fè tout bagay, e-e-e l te preche ak tout kè l. Li te fè tout sa l te kapab, epi malgre sa yo te ap "malmennen" l, te rele l tout bagay, epi te di: "Se oumenm ki lakòz tout sa a. Ou s on espirytalis. Ou se sila ki fè tout pwoblèm sa a vini. Ou koupab", ak tout bagay kon sa. Li te di l tout bagay. Jezabèl te menase pou koupe tèt li, ak tout lòt bagay. Se vre. Tout moun te kont li.

369 Epi apre l te di: "Seyè, apre m fin fè sa, tout sa W te di m fè! M te rete egzakteman ak Pawòl Ou. Lè W te di m nenpòt bagay, mwen pat gen okenn pè. M te mache dwat nan figi wa

a, epi tout lòt bagay, epi m te di yo: ‘MEN SA SEYÈ A DI.’ E W pat di m yon bagay, e m pat di yo yon bagay, esepte sa k te rive. E kounye a men mwen, sèl moun ki rete a, sot nan tout gwoup lan. M se sèl moun ki rete, e y ap eseye touye m.”

370 Bondye te di: “Mwen pal louvri youn nan So yo epi montre w on bagay.” Li te di: “Ou konnen, Mwen gen sèt san dèyè la a, ki pat janm plwaye yon jenou bay...potko al jwenn okenn nan credo sa yo, denominasyon. Gen sèt san nan yo ki pare pou Anlèvman an, ou wè.” O! O! Li te di pwofèt Li, ke L revele Pawòl Li ba li, ou wè, atravè Lekriti. “M gen sèt san nan yo. Yo pat plwaye jenou yo bay okenn” (si m ta di sa nan jou sa a) “òganizasyon relije, yo pat kite yo andoktrine pa yo.”

371 Nou wè sa m vle di? Alò, sa senplèman dwe fèt. Li jis dwe fèt. E li selon Pawòl la. Lè nonm lan rive sou sèn lan, I ap yon pwofèt. Jis sèten otan ke m kanpe sou lestrad sa a. Ou wè? E I ap rete dwat ak Pawòl sa a. Li pap desann pou credo okenn moun, oswa okenn lòt bagay. Se vre. L ap on jan de moun tankou on moun nan bwa, tankou Eli te ye, li...epi tankou Jan te vini. L ap-l ap rayi fanm, (oh,lala!) fanm imoral! Fiouw! Oh, lala, I ap atake yo! Eli te fè sa, e se konsa Jan te fè. Ou wè? Ou wè? E I ap dwat nèt ak Pawòl sa a. L ap-ap kont òganizasyon yo. Organizasyon? “Pa panse pou n di anndan tèt nou: ‘Nou gen Abraham kòm papa nou,’ paske mwen di Bondye kapab leve pitit pou Abranham ak wòch sa yo.” Ou wè? Sèten I te fèt.

372 Kounye a, men nou, zanmi. Men Katryèm So an, louvri. E kavalye kat chwal yo revele, selon pi bon konprann mwen. Kounye a, se tout sa k te pase sou latè.

373 Pwochen So, nou wè, se nan Syèl, kote nanm yo anba lotèl la.

374 Kounye a, jis nan konklizyon, m vle di de sa yo...jis kèk mo, isi a menm, m te ekri. Nou te pase sou, kat So sa yo, premye kat So.

375 Kounye a, demen swa, nou-nou chanje sèn lan, sot nan bagay latè k ap pase. Li gad anwo isi a epi I wè nanm yo anba lotèl la, sa k sakrifye a, lotèl.

Pwochen jou swa a, jijman frape.

376 E katryèm nwit lan, oswa dènye nwit lan, dimanch swa, m pa konn kisa. M pa konn kisa lòt sa yo vle di. M jis li yo, menm jan n te fè. Men: “Te g on silans pandan on demi èdtan,” men g on bagay ki te pase. M ap tann Li revele Li. L ap fè I. M gen konviksyon ke L ap fè I.

377 Nou dwe ale, nan diferan kote nan Lekriti, jouk nan Apokalips 19, pou montre Vini Kris lan ki pral touye antikris la. Se pou rezon sa a m te dwe kite sa yo, jis pran de vèsè sa yo. M te dwe al nan diferan pati nan Lèzekriti, pou pwouve bagay sa yo. Kifè se pou rezon sa a m t

al nan Apokalips 19, pou montre lafen antikris la, touye a pral fèt; de Kris, lè L vini, Li pral touye antikris la.

378 Rive nan Apokalips 10, pou montre ke Mesaj setyèm anj lan pral yon moun, nan dènye jou yo, ki wenn pa Bondye pou yon ministè tankou Eli pwofèt la te genyen, jan sa predi nan Malachi 4, pou revele vrè Pawòl Bondye (orijinal) la nan jenerasyon sa a, Pawòl orijinal Bondye an nan jenerasyon sa a. Jan I te fè pou Jezabèl natirèl la, se konsa mesye sa a fè I pou Jezabèl espirityèl la, legliz denominasyonèl yo. M te dwe al nan chapit 7 la...chapit 10 la, vèsè 1 rive 7, pou pwouve ke se te vre. Epi nan Malachi, ak Amòs, e latrìye, pou pwouve sa.

379 Eli te yon pwofèt ki te pwofetize epi te kondane Jezabèl, nan jenerasyon sa a espesyalman.

380 E Eli pat janm mouri. Li sètènman pat mouri. Li te parèt ankò, kèk uisan zan apre, bò kot Jezikri, sou Mòn Transfigirasyon. Li pa mouri.

381 Kounye a, nou dekouvri ke Lespri I se pou wenn yon nonm, selon pwomès Bondye a, nan dènye jou yo; te pwomèt pou fè menm bagay la nan Jezabèl lespri, jan sa te fèt nan Jezabèl natirèl, nan dènye laj la.

382 Se pou sa m-m t al nan anpil bagay nan Bib lan, pou pwouve I, konsa pap g on kesyon ki ret nan lespri nou sou li. Si genyen, se pou n fè m konnen. Ebyen, ekri m yon lèt oswa yon ti nòt.

383 E sa kombine tèlman pafètman, menm nan bète k ap detwi kò natirèl yo nan dènye jou an, ap devore yo jan yo te fè lè sa a.

384 Selon pi bon revelasyon mwen, Bondye te ban m sa a e te di davans ke sa t ap fèt, sa se Laverite sou kavalye kat chwal yo, selon sa m pi byen konnen.

385 Sa n panse de Jezi? [Asanble rejwi—Editè a.]

Mwen renmen Li, mwen renmen Li

Paske Li te renmen m an premye

E te rachte sali mwen

Sou bwa Kalvè a.

386 Kounye sonje, pa g okenn...(Se sa; nou mèt ale; se byen.) Pa g okenn move santiman kont okenn moun nan okenn òganizasyon! Paske, Bondye gen pitit nan sistèm Katolik la. Li gen pitit nan sistèm Metodis la. Li gen pitit nan sistèm Batis la. Konbye nan sila yo, tout diferan

sistèm sa yo, reprezante isi a aswè, ki soti ladan I lè n te wè Limyè a? Kite n wè men nou. [Asanble di: "Amèn."—Editè a.] Kounye a, sonje gen moun deyò la a ki jis tankou nou. Men se sistèm lan ki touye, ou wè. Se lespri antikris la ki alafen mete yo nan yon plas jouk yo pap tande okenn Verite.

387 E sonje lòt jou swa an, lè m t al nan sele an? Si yon nonm te tande apèl jibile an, epi te refize pati lib, yo te pran I met sou poto an epi yon pwenson te make zòrèy li. Zòrèy se kote n tande. "E lafwa vini pa tande." Alò si I tande Li, epi refize asepte libète I, alò li se...dwe sèvi mèt denominasyonèl li pou rès vi I. Amèn.

388 O! O la la! Èske L pa mèveye? [Asanble di: "Amèn."—Editè a.]

Mwen renmen Li, mwen...

Ann jis le men nou kounye a epi adore L.

Paske Li te renmen m an premye (Glwa!)

E te achte sali mwen

Sou bwa Kalvè a.

389 [Frè Branham kòmanse fredone *Mwen Renmen Li*—Editè a.] Kounye a jis bese tèt nou, epi ann adore L kounye a antan nou fredone I. [Frè Branham kontinye ap fredone *Mwen Renmen Li*.]

390 Seyè, ala nou rekonesan! M tèlman kontan, Seyè, tèlman kontan pou Oumenm ak pèp Ou. O Seyè, Ou te achte sali nou sou Kalvè. Nou asepte I ak lajwa, Seyè.

391 Kounye teste nou, Seyè, pa Lespri W. E si ta gen nenpòt sa ki mal nan mitan nou, Seyè, nenpòt enkredilite pou Pawòl la, nenpòt moun isi a, Papa, ki pa ta mete yon "amèn" sou chak pwomès Bondye; ke Sentespri a desann kounye a, Kavalye chwal blan an, pandan Lespri Li, Lespri Kris, nan fas antikris la, epi rele Sa K pou Li yo. Rele yo soti, Seyè.

392 Ke yo repanti kounye a, vin jwenn Ou byen rapid epi ke yo ranpli ak Lwil la ak diven an; e ke yo chanje sot nan rad denominasyonèl lanmò Kayen an; al nan yon rad Lavi Etènèl ki blan kou nèj, ke Lemarye te bay. Epi apre yo pral nan Soupe Nòs la yon jou, nan Pawòl konfime rezirèksyon an. Akòde I, Seyè. Fouye kè yo, pandan moun yo ap tann Ou. Atravè Non Jezi!

[Frè Branham kòmanse fredone *Mwen Renmen Li*—Editè a.]

393 Kounye a, fouye kè nou, frè m, sè m, zanmi mwen. M avè nou depi lontan. Sa fè apeprè tranntwa zan. Èske m te janm di nou yon bagay nan Non Seyè a ki pa akonpli? [Asanble di: "Non."—Editè a.] Chache Kris kounye a pandan nou g on chans pou fè l. Sa ka rive trè byento kote n pa ka fè l. Ou wè? Li ka kite fotèy entèsesyon L lan, nenpòt moman; apresa nou ta ka kriye ak tout kè nou, nou te ka frape pye nou, nou te ka pale an lang, nou te ka kouri monte desann sou planche a, nou te ka fè nenpòt bagay nou te vle, epi al jwenn tout legliz nan lemonn, pa g anyen, pa gen klowòks ankò pou peche w-w. Lè sa kisa w, kote w ye lè sa a?

394 Ebyen, mwen kwè, ak tout kè m, fotèy la toujou louvri. M kwè Li toujou sou Twòn Bondye a. Men byento Li pral leve kounye a, epi avanse, pou reklame sa L te rachte yo. L ap fè travay Paran Redanmtè a, pandan Ruth ap tann.

395 Men byento, nou konnen, apre Boaz te fin fè travay paran an, apresa li vini epi l te reklame posesyon li. E se egzakteman sa Bib la te di Li te fè: "Li avanse epi L te pran Liv lan." Apresa intèsesyon fini; Li soti nan Twòn lan; pa gen okenn San ankò sou Fotèy Mizèrikòd lan. E apre kisa l ye? Fotèy Jijman.

396 Pa kite sa di, youn nan jou sa yo: "M te panse Anlèvman an te sipoze vini." Epi tande Vwa a tounen di: "Se nan lepase." Bondye ede nou!

Kounye a ann bese tèt nou.

397 Frè Neville, vini, pou fini oswa kèlkeswa sa w dwe fè. Bondye beni nou, jouk demen swa.